ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№36 (21.694) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Тхьэмокъуэ А. Ч. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи банк IэнатIэм зегъэужьным ыкIуущхуэ зэрыкIэлIам папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылыр етыни **Тхьэмокъуэ Анатолий Чыланий и къуэм** - Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщIхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и Лъэпкъ банкым и тхьамадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм мазаем и 26-м
№20-УП

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий дэжьыгъэ Iуэхуки Iэ иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам ди щIыхь зэрыгъэгъуэ къахилъхьащ. Къэралым и унафэщIыр къызэрыгъуэблагъэр икъукIэ ди гуапэ хъуащ Налшык дэт курыт школ №32-м и егъэджакIуэхэми еджакIуэ щIыкIуэми.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым зэрыщIыIа сыхьэт бжыгъэм щыщ зэман УФ-м и Унафэщ1ым егъэджакIыгъэ IэнатIэм зэрыкъухихам къегъэлъагъуэ а IэнатIэм и зыужькIэмрэ ар адэкIи егъэфIэкIуэныжьрэ ди къэралым гудыитэ зэрыщIыгъэтыр. А IуэхуитIым ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсени зэпымыууэ и нэIэ тригъэтщ. Медведевым ди школыр къызэхилъхьа къудейкъым, абы егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ зэжьыгъэр зэрыщедгъэкIуэкIым щыгъуазэ зищIащ, а Iуэхум фIыуэ зэрыхихщIыкIыр нэрылъагъуу. Ар щIэупщIащ еджакIуэхэр ерыскъы пщтыркIэ зэрыдгъашхэ щIыкIэм, еджэным къыщыдахуэ зэманыр абыхъэм къаэзэрыщрагъэуэт еджапIэу 4.

- Псом хуэмыдэу кьыхэгъэщыпхъэщ егъэджэныгъэ ухуэкIэм щIэуэ кьыхьыба Iэмалыщ1эхэм зыужьныныгъэр зэрыщIагъэхуабжьэр, - жиIащ Тхьэзэплъыж Мурат. - Проект зэхуэмыдэхэр кьрахьэжьэкIэрэ, я IэнатIэм ахъшэ зэрыхуахахым кьрикIуащ еджапIэхэм я мыльку-техникэ льабжьэр егъэфIэкIуэныр, егъэджакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъэуэныр, Iэщ1агъэлI нэхьыфIхэм кьаъь ахъшэм яхуащIыгъуныр. СыэзеплъымкIэ, а гъуэгуращ дяпэкIи дызытетын хуейр. Ауэ егъэджэныгъэм и IуэхукIэ нэхъ лъэрызехьэ дыхьуныр зэпльагър егъэджакIуэхэрщ, зи Iэщ1агъэм Iэмал зэхуэмыдэхэр кьыщызгъэсэбгъэпэрщ, сабийхэм я психологиер фIыуэ зыщIэхэрщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.)

Сурэтхэм: **Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий курыт еджапIэм щыщIам.** *Тезыхар* **МАМИЙ Русланщ.**

Ди лъэр нэхъ жан ещI

БЛЭНЫХЪ Къазбэч,
Налшык дэт курыт школ №32-м и унафэщI.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографиеполитикэмкIэ щыIэ советым и зэIущI. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и Унафэщ1 Къанокъуэ Арсен.

ЗЭХЫХЪЭМ щызэпкърахащ 2008 - 2012 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьным, мэкъумэшзэкIэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр унэтIыным тещIыхьа Къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъур.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министр **Ерчэн Темболэт** кьызэригъэлъэгъуамкIэ, нэгъабэ гъавэхэкIыу сом мелард 20,6-рэ и уасэ кьалэжьащ. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ процентI 3-кIэ нэхьыбэщ. Финанс кризисым щхьэкIэ кьэмынэу, 2009 гъэм АПК-м и зыужьныныгъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 729,4-рэ кьыхуаутIыпщати, псори кьагъэсэбэпащ.

- Ди мурадхэр зэдгъэхьулIэн папщIэ, фейдэшхуэ кьэзытыну проект зыбжанэ дгъэзэщIэнущ. Абы теухуауэ 2020 гъэ пщIондэ дызэлэжьнухэм я унэтIныныгъэм и проект дгъэхьэзыращ,- кьыхигъэщащ къэпсэлъам.

Пэжыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт**, бжыгъэхэр и тегъэщIапIэу, зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ псэупIэ кьращэхун е ираухуэн папщIэ ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ унагъуэхэм субсидиехэр зэрыхухах щыкIэм.

Зэхыхьэм кьрикIуар зэхалъхьэжа нэужь, Советым и протокол унафэкэр зэрагъэзащIам арэзы техьуэри, мы гъэм зэрыплэжьну планыр кьащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Iэтащхьэ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и Унафэщ1 **Меркулов Александр**, абы и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыж Муратрэ Улнаев Казымрэ**, Жылагъуэ палатэм и тхьамадэ **Тау Пщыкъан** Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, министрхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблагъа къулыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

● ЕгъэджакIуэм и илъэс

Пэрытхэм гулъытэ хэха хуащI

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Налшык къалэ дэт Къэрал кино-концерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ кьыщызэIуахащ «ЕгъэджакIуэм и илъэсыр». Абы кьрихьэлIащ республикэм и унафэщIхэр, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, къэрэхэм, районхэм кьыкIа, махуэшхуэр зыхуэгъэпса егъэджакIуэ Iэзэхэр.

УНАГЪУЭМ, щалэгъуалэм яхуэхэуауэ щыта илъэсхэр блэкIри, жылагъуэм мыхьэнэ ин дыдэ щызыгъэзащIэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрытхэм гулъытэ хэха щыхуащIым хуеиуэ ягъэуващ 2010 гъэр. Ар гуапэ ящыхьуащ дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд егъэджакIуэхэм.

Къэрал кино-концерт гъэлъэгъуапIэм и пэшышхуэм щIэзу къызэхуэса хьэщIэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат псальэ дахэкIэ захуигъэзащ икIи КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыбгъэдэкI хьэуэху псальэхэр яжриIащ. Тхьэзэплъыжыр кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэр тэрэзу щызэтеубluауэ зэрыщытыр, зэрызэнужьыр. Абыкъэ щIэгъэжьэуэн лъэш хуауэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. БлэкIа илъэсиплым кьриубыдэу а проектым ипкъ иткIэ, ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ егъэджакIуэ 371-рэ, курыт школ 75-рэ, пэщIэдзэ IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэу 4.

- Псом хуэмыдэу кьыхэгъэщыпхъэщ егъэджэныгъэ ухуэкIэм щIэуэ кьыхьыба Iэмалыщ1эхэм зыужьныныгъэр зэрыщIагъэхуабжьэр, - жиIащ Тхьэзэплъыж Мурат. - Проект зэхуэмыдэхэр кьрахьэжьэкIэрэ, я IэнатIэм ахъшэ зэрыхуахахым кьрикIуащ еджапIэхэм я мыльку-техникэ льабжьэр егъэфIэкIуэныр, егъэджакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъэуэныр, IэщIагъэлI нэхьыфIхэм кьаъь ахъшэм яхуащIыгъуныр. СыэзеплъымкIэ, а гъуэгуращ дяпэкIи дызытетын хуейр. Ауэ егъэджэныгъэм и IуэхукIэ нэхъ лъэрызехьэ дыхьуныр зэпльагър егъэджакIуэхэрщ, зи Iэщ1агъэм Iэмал зэхуэмыдэхэр кьыщызгъэсэбгъэпэрщ, сабийхэм я психологиер фIыуэ зыщIэхэрщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.)

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

ЩIыуэпсым зэран хуэвмыгъэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр кьыщызэрагъэпэщащ Урысейм техникэ кIэльыплъныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм, Ар иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

ПРАВИЛЬСТВЭМ хуэхаа зэманым кьриубыдэу абы кьыщыпсэльащ Ростехнадзорым и Управленэу КъБР-м щыIэм и Курыт Кавказ IэнатIэм и унафэщI **Отаров Къурмэн**. Этил спиртыр кьыщIэгъэкIыным хуэгъэзэауэ федеральнэ законодательствэм иубзыху мардэхэр (бардэм елэжьным и льэныкъуэкIэ) гъэзэщIа зэрыхъуэм теухуа докладым абы кьыщигъэлъэгъуащ спирт заводхэм дыкьэзыухъурепхь дунейм ират зэраныгъэр гъэмэщIэныр кьалэн мыгъашу зэрыщытыр. Федеральнэ законодательствэм хальхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщу 2010 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ кьару зыгъуэтахэм кьызэрагъэувымкIэ, этил спирт кьыщIэзыгъэкIэм бардэр и кIэм нэсу ягъэкъабзэн е ар щагъэкIуэдын щыпIэхэм яшэн хуейщ. Апхуэдэ мардэхэм 2010 гъэм щышылэм и 1-м кьару ягъуэтын хуеящ, ауэ кьэралым и предприятэхэм я нэхъыбэр мы Iуэхум зэрыкIуэмыкьэзырым кьыкэнIыу а пIалъэр мазитIкIэ ягъэлэпхъащ.

КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр кьагъэсэбэпынымкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэщащ лэжьакIуэ гупым зэхуахьэсащ Федеральнэ законым кьытэувкэр гъэзэщIэным республикэм щыIэ предприятэхэр зэрыкъуэкъэзырым, аxэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрыкIэзэпэщам техуауэ бжыгъэхэр. Мы зэманым республикэм щыIэ спирт завод 12-м, официальнэу кьата бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъэмкIэ, нэгъабэ спирт тонн мин 40,2-рэ кьыщIагъэкIащ. Апхуэдэу щыщIэкIэ, бардэу ди щIыналъэм щракIутар тонн мин 480-м щIегъу.

«Этил спиртыр, фадэхэкIэр, спирт зыхэт продукцэр зэращIымрэ зэрызэблагъэкIымрэ кьэралым зэриунэтIым и Iуэхуки Iэ» Федеральнэ законым кьытэувкэр нэсу зыгъэзэщIауэ ди предприятэхэм яхэтыр плIыщ («Русь» ООО-р, «Камад» ООО-р, «Росс-спирт» ООО-р, «Майский» ИПК-р). Абыхэм бардэм зэрезэжь Iэмэпсымэхэр щаутIыпщащ, зыхуэфащэ лицензэхэр кьыIахащ, апхуэдэу экологием ехьэлIауэ зыхуеину документ псори кьратащ.

Этил спирт зыщI Iуэхущ1апIэу хым («Главспирт», «Астерра», «Альдасар», «Виктория-Н», «Александровский» ерыскъы комбинат» общество зэIуэхахэм, «Бикар-К» акционер общество зэхуэщIам) бардэм зэрелэжьыну Iэмэпсымэхэр мы зэманым щагъэувы. «Си кьалащхьэ» ООО-м 2009 гъэм зыхуэфащэ технологие Iэмэпсымэхэр кьригъэщэн папщIэ, «Ангидро Гмбх» компаниеим зэгурыIуэныгъэ иригьIалащ, а оборудованэм и уасэри ираттащ.

ЗэIущIэм зэрыщыжьалмкIэ, этил спирт кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм щамыгъэзащIэ кьохьу властым и гъэзэщIакIуэ органнэм этил спирт кьыщIэгъэкIыныкIэ ар зэблэгъэкIыныкIэ кIэльыплъхэм кьыхуагъэувхэр. Апхуэдэ щхьэзыфIэфIагъым папщIэ унафэщ1эм административнэ тезыр зэрыгралъхьэми сэбэпынагъашхуэ кьыхьыркъым.

Экологиемрэ щIыуэпсыр кьагъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** зэрыжиIамкIэ, депутатхэмрэ щIыуэпсыр хъумэныр зи кьалэн ведомствэхэмрэ зэIущIыгъуу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм Iуэху пыухьыкIахэр кьрикIуэу хуежащ. Предприятэхэм я унафэщIхэм ахъшэшхуэ щIат бардэм зэрелэжь кьэщхьухунымрэ гъэувыныгъэ. Апхуэдэу щыгъэзащIэ кьэкIуащ IапIэхэр Федеральнэ законым кьытэувкэр гъэзэщIэным епIэщIэкIыу пхужьIэнукъым. Абыхэм производствэм и пыдзахуэхэр хабзэм кьемыззэгъыу зэрыракIутым ди щIыналъэм зэранытгъэшхуэ кьыхуехь.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым кьыхилъхьащ, мы Iуэхум мыхьэнэ хэха зэрирэр кьалъытэу, этил спирт кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм я зэIущI ирагъэкIуэкIыну. «Спирт кьыщIэзыгъэкI хьэрычэтыщIэхэри ди республикэм щопсэу. Абыхэмя я щIыналъэр фIыуэ яльагъуу си гугъэщ, апхуэдэу щыщIткIэ, КъБР-м и экологием зэран зэрыхуэмыхьуным аxэри егупсысын хуейщ», - жиIащ Чеченов Ануар.

Президиумым и зэIущIэм хэтахэм КъБР-м и Правительствэм, гъэзэщIакIуэ властым и щIыналъэ органхэм, мы Iуэхум пыщIа адрей органхэм чэнджэщ ирагащ Федеральнэ законым кьигъэувкэр этил спирт кьыщIэзыгъэкIэм зэрагъэзащIэм, бардэм зэрелэжь Iэмэпсымэхэр зэрагъэувыным кьэзыгъэлIыпыр ягъэтхIыну. Этил спирт кьыщIэзыгъэкIэм хуагъэуваш зыхуеину техникэр 2010 гъэм бадзэуэгъэуэм и 1-м фIэмыкIыу лажьэу ягуфIыпщыну.

АдэжкIэ Президиумым и зэхэтэр республикэм закон зыбжанэм я проектхэм зэхпльащ, наградэ ираттыпхэу кьагъэлъэгъуахэм я кандидатурэхэм тепсэлъыхьащ. Унафэ кьащтащ Евмененко Иван Михаил и къуэм - Ямыгъэлэпхъуэ мылькум и кадастрымкIэ федеральнэ агентствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэм, Шинкареев Наталье Петр и пхъум - «КъБР-м тхылыр фIыуэ зыльагъуу исхэм я зэгъэзэныгъэ» жиIагъуэ зэгъэхьэныгъэм и советым и исполкомым и унафэщIым КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылыр етыным теухуауэ.

Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу апхуэдэу тепсэлъыхьащ лэжьэгъуэ ныбжьым иту республикэм и кьуажэхэхэм щыпсэухэр лэжьапIэкIэ кьыщIэгъэпэщыныкIэ зэфIагъэкIхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Сыхьэт 18-кIэ лажьэу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щызэхэтащ ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ зегъэужьныгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и зэIущIэ зыубгъуа. Ар теухуауэ щыташ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм республикэм зыщегъэужьа зэрыхьуну щыкIэм.

IУЭХУМ теухуауэ кьыщыпсалъэм, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зегъэужьныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр **Пащты Борис** кьыжигъэщащ 2015 гъэ пщIондэ зэхьэмыдэуэ сыхьэт 18-кIэ махуэ кьэс лажьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и телеканал, кьыщыпэмыщIауэ, жэщи махуи лажьэ радио кьызэрэпэщыныкIэ, адрей хьыбарегъащIэ IэнатIэхэми апхуэдэу зегъэужьныкIэ IэмалыфIхэр зэрыщыIэр. Ауэ а Iуэхуэр зэфIэкIа пщIэ, республикэм программ зэгъэуIуэ зэхэлъхьауэ кьэщтэн икIи ар гъэзэщIэн хуейщ.

А программэм зэхэлъхьэ Iуэхуэхэр зыхуэдэр зэIущIэм щаубзыхуащ. Ар зэрекIуэкIам нэхъ зэпкърахуэ ди газетым щыгъуэзэ фIыхуищIынущ.

ГЪУЩIО Зариф.

● ЕгъэджакIуэм и илъэс

Iуэхум зэрыпхуэIэт и инагъщ



●Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ди газетым хьыбар зэрыригъэщIащи, мазаем и 19 - 20 махуэхэм Налшык щызэхэташ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасашхьэм и зи чэзу зэIущIэ. ДАХ-м и Уставым кьызэрыщыгъэлъэгъуам тету, Хасашхьэм хэтхэр илъэсым зэ зэхохьэ, зэлэжьыну Iуэхугъуэхэр яубзыху, гу зылытапхьэхэр кьыщагъэнаIуэ.

Нэгъабэ жэпуэгъуэ мазэм Мейкъуапэ щекIуэкIа ДАХ-м и Зэхуэсыщхьэм щыхаха Хасашхьэм хэтхэр иджыри япэу щызэIущIар икIи зытетхэпсыкIыжьыр, унафэ зытращIыкIхьын Iуэхухэр я куэдт.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и Хасашхьэм, Гъэзэщ1акIуэ гупым хэтхэм кьищынэмыщIауэ, зэIущIэм зыкьрагъэхьэлIат политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэу **Дэхьущокьуэ Мусэ, Нэхущ Заурбий,Ефэнды Джылахьстэн, Абаз Руслан, ЛIуп Владимир, Думэн Хьэсэн, Дадэ Суфэдин, Кьалмыкъ Жылэбий, Сэралъп Альберт, Сэбэншы Назми, Токьу Iумит, Къумыкьу Мамдух, Кьалмыкъ Аднан, Абенкьуэ Шухьэпб, Щэнибэ Бейджан** сымэ, нэгъуэщIхэми, ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэсым кьрагъэблагъэуэ хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ кьуэдзэ **Къуэшырокьуэ Залым**, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм я унафэщI **Тау Пщыкъан**, КъБР-м хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щIалэгъуалэм и IуэхухэмкIэ и министр **Пащты Борис**, КъБР-м и Парламентым и Комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, КъБР-м и Къэрал архивым и унафэщI **Къарэ Арсен** сымэ.

ЗэIущIэр къызэIуахащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ДАХ-м и Хасашхьэм ЗэрызыхуигъаззэмкIэ. Абы кьеджащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир**.

Iуэхуэгъэ зэмылIэужьыгъуэу 16-м щигъум хэплъэн хуейуэ къызыпэщылъ Хасашхьэр япэу зыхэплъар 2010 - 2012 гъэхэм зэрыгъэлэжьэну мылькум теухуа унафэр кьащтэнырщ. А IуэхумкIэ кьэпсэльащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьамадэ **Ажахьуэ Кьанщобий**. ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ егъэджакIуэ 371-рэ, курыт школ 75-рэ, пэщIэдзэ IэщIагъэ зыгъэхуэха спорт унафэщI псори езыр-езыру я кIуалыкIуэхэм текIмэ зэрынэхьыфIыр.

Налшык къалэ дэт Къэрал кино-концерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ кьыщызэIуахащ «ЕгъэджакIуэм и илъэсыр». Абы кьрихьэлIащ республикэм и унафэщIхэр, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, къэрэхэм, районхэм кьыкIа, махуэшхуэр зыхуэгъэпса егъэджакIуэ Iэзэхэр.

УНАГЪУЭМ, щалэгъуалэм яхуэхэуауэ щыта илъэсхэр блэкIри, жылагъуэм мыхьэнэ ин дыдэ щызыгъэзащIэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрытхэм гулъытэ хэха щыхуащIым хуеиуэ ягъэуващ 2010 гъэр. Ар гуапэ ящыхьуащ дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд егъэджакIуэхэм.

Къэрал кино-концерт гъэлъэгъуапIэм и пэшышхуэм щIэзу къызэхуэса хьэщIэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат псальэ дахэкIэ захуигъэзащIэ икIи КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыбгъэдэкI хьэуэху псальэхэр яжриIащ. Тхьэзэплъыжыр кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэр тэрэзу щызэтеубluауэ зэрыщытыр, зэрызэнужьыр. Абыкъэ щIэгъэжьэуэн лъэш хуауэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. БлэкIа илъэсиплым кьриубыдэу а проектым ипкъ иткIэ, ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ егъэджакIуэ 371-рэ, курыт школ 75-рэ, пэщIэдзэ IэщIагъэ хэгъэхъэуэныр, IэщIагъэлI нэхьыфIхэм кьаъь ахъшэм яхуащIыгъуныр. СыэзеплъымкIэ, а гъуэгуращ дяпэкIи дызытетын хуейр. Ауэ егъэджэныгъэм и IуэхукIэ нэхъ лъэрызехьэ дыхьуныр зэпльагър егъэджакIуэхэрщ, зи Iэщ1агъэм Iэмал зэхуэмыдэхэр кьыщызгъэсэбгъэпэрщ, сабийхэм я психологиер фIыуэ зыщIэхэрщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.)

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



Зэпеуэхэм я ужькIэ

Урысейм и Олимп комитетым и Iэтащхьэ Тягачев Леонид сымаджэщым щIэлъыш.

ЗэрыжаIэмкIэ, Канадэм и Ванкувер къалэм щыIэу абы щыIэ кьыхьыхьащ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, ипэIуэкIэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий жиIащ Урысейм и пщIэр иджыри Олимпиадэм апхуэдизу щеящIат американ зэщхьэгъуэзэхэмэ.

Псори хьарзынэ хуэдэт, сабийхэр зыхэхуа унагъуэр хуэщIат. АрщхьэкIэ ПУри насыпныпэ хьуауэ кьыщIэкIащ. ЗэкъуэшитIым я Скоробогатов Иван лIащ. Iуэхур зэхэзыгъэкIа хабзэхьумэ Баркер Тим зэрыжиIамкIэ, ар илIыкIащ бын зыщIа и адэ-анэм кьрадза фэбжь хьэлъэхэм. ГущIэгъэнщэхэр хьэпсым ирадзащ.

♦Гъатхэпэм и 4 - 14-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ 80-нэ дунейпсо автосалонр.

♦1918 гъэм РСФСР-м хэт Тэрч Совет Республикэ къызэрагъэпэщащ. Ар 1919 гъэм и мазаем якъутэжащ.

♦Абхэз Республикэм и Президент Бэгъэпщ Сергей кьыщIадьуа махуэщ (1949).

♦Урыс тхакIуэшхуэ Гоголь Николай (1809 - 1852) и фэепIэ махуэщ.

♦Илъэс 20 и пэкIэ IэщIагъэ урысей дзэзешэ, иджыри урысей хьэуа-десантыдзэхэм я кьызэгъэпэщакIуэ Марселов Владимир (1908 - 1990).

Пэлъэгъэр зыхьэхьэлъар **ШАЛ Мухьэмэд.**

● ХьыбарегъащIэ

ГуфIэгъуэ зэхьыхьэм фрагъэблагъэ

Урысей Федерацэм и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым и профессор **Гъэсашэ Наталье** и ныбжьыбгъу нэхъ зэрыкIуам, ар зэрекIуам иращIыкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэм фрагъэблагъэ адыгэ уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэм и творчествэм дихьэх псори.

Пшыхьыр гъатхэпэм и 4-м СКГИИ-м и зэIущIапIэ пэшышхуэм щекIуэкIынущ, сыхьэт 16-м щIидзэу.

Лъэпкъ Iуущигъэ:

Ебгъэжьэжьыным нэхърэ ебгъэблэгъэныр нэхъ тыншщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Сингапур цIыкIунитIэр сыткIэ щапхъэ хуэхъуфыну Урысеишхуэм?

Мы къалэ-къэралыгъуэм кIуэрей хъуащ Урысейм и цIыхухэр. ЗыхузэфIэкIхэм унэ къащэху, я щхьэгъубжэм къыдэплъмэ хыр ялъагъуу. Ди политикхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэнщ илъэс 50-м къриубыдэу пхъэнкIий идзыпIэм къыхэтэджыкIыу Сингапурыр Азием и къалэ нэхъ къабзэ дыдэ, къэралыгъуэ зызыужьахэм ящыщ зэрыхъуар.

● Къэралыгъуэхэр

СИНГАПУРЫМРЭ Урысеймрэ зыкIи зэщхькъым. Ди къэралым щIыуэ иIэр хуэдэ мин 25-кIэ нэхъыбэщ Сингапурым къылъысам нэхърэ. ЩIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ дэ дыкъулей дыдэщ, Сингапурым абыхэм ящыщ гуэри иIэкъым. Мэкъумэш IэнатIэмкIэ узэджэнщ имыIэххэр, тэмэм дыдэу жыпIэнумэ, а Iуэхум хухэхауэ къагъэсэбэпыр километр зэбгъузэнатIи 10-щ зэрыхъур. ЦIыху мелуанитху фIэкIа щымыпсэу хытIыгум былымылу щашхыр зэрыщыту нэгъуэщI къэралхэм къраш, бдзэжьейхэкIым и процент 96-р, хадэхэкIым и процент 93-р, джэдыкIэм и процент 80-р хамэ щIыпIэхэм къыщащэху. Урысейр щIыдагъэмрэ газымрэ къыщIихымкIэ мэпсэу. Сингапурым экономикэ «губзыгъэм» зытрегъэпсыхь. Пэжщ, абы иIэщ мы дунейм щынэхъ инхэм ящыщ кхъухь тедзапIэ, электроникэ, хущхъуэ къыщIэгъэкIыныммкIэ пэрытхэм ящыщщ, ауэ къэралым хэхъуэ нэхъыбэ къыхуэзыхьыр хуэIухуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэращ, банкым, юристым и чэнджэщ, хьэщIэщ Iыгъыным, узыншагъэр хъумэным, нэгъуэщIми епхахэр.

Нэхъыщхьэращи, мы къэралым дэ пщIыхьэпIэу дымылъэгъуа ехъулIэныгъэ къахуэзыхь экономикэ гъэпсыкIэ щаубзыхуащ. Илъэс 45-рэ хъуауэ аращ ар щхьэхуит зэрыхъурэ, абы лъандэрэ къэралым и лъэпкъ хэхъуэ ар дэтхэнэ цIыхуми тещIыхьауэ зы доллар мин иримыкъупэм къыщыщIидзэри, доллар мин 35-м нэсащ. Иджы Сингапурым мылъкукIэ ику иту къыщалъытэ дэтхэнэри хуэдиплIкIэ нэхъ къулейщ Урысейм «средний класс» жыхуаIэм щыщым нэхърэ. МВФ-м и экспертхэм къэралхэр къапщытэ я цIыхухэр зыхуей ягъуэту зэрыпсэум теухуауэ. Сингапурым е 4-нэ увыпIэр дуней псом щиIыгъщ абы и лъэныкъуэкIэ. Бизнесыр нэхъ тыншу щыпщIэф къэралу Дунейпсо банкым къилъытар икIи япэ увыпIэр зылъигъэсар Сингапурырщ. Урысейм 120-нэ увыпIэщ иIыгъыр. Мы къэралым и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къалъытэр Iулъхьэ зэрыщыземыкIуэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар абы зэрыщымащIэ дыдэращ.

Илъэс 30-кIэ мы къэралым и правительствэм и унафэщIу щыта, «Сингапурская история: из «третьего мира» - в первый» тхылъыр зытха Ли Куан Ю къызэрыхигъэщымкIэ, къэрал Iуэху щыпщIэкIэ, зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым бдзэжьейм фын къыщыщIидзэр и щхьэмкIэщ щIыжаIэр. «Дэ мурад тщIащ БРК-м (коррупцэм епха Iуэхухэр зэхэзыгъэкIым) псом хуэмыдэу и нэIэ тригъэтын хуейуэ къэрал къулыкъушхуэ зыIыгъхэм, - етх премьеру щытам. - КъулыкъущIэ цIыкIухэм Iулъхьэ къащтэну Iэмал ямыIэн щхьэкIэ къэралым щызекIуэ хабзэ псори тынш икIи гурыIуэгъуэ тщIащ, дэнэкIэ ухуейми пхуэмышэну, къулыкъущIэм ущIелъэIун къыхэмыкIын хуэдэу».

БРК-м и унафэщIыр хуитщ шэч зыхуащIа сыт хуэдэ министрми и Iуэху зэхигъэкIыну. Судхэр хуит ящIащ зи улахуэмрэ зи псэукIэмрэ зэтемыхуэ къулыкъущIэр Iулъхьэ къищтэу къалъытэну. КъулыкъущIэхэм ящыщ гуэрхэр ягъэтIыса, хэти тутнакъэщым нэхърэ ажалыр нэхъыфIу къилъытэу зиукIыжа, хэти мылъкуу иIэр фIэкIуэ ду, уэрамым къыдэна иужькIэ, адрейхэр шынащ. Къэралым къулыкъу зэрыхуэпщIэн хуейм и щапхъэу щытащ езы премьерыр. «Сэ сыщыпсэуа, сыщылэжьа унэр правительствэм ейуэ щытащ. Сэ льготэ гуэри сиIакъым, сыкъезышэкI водитель, автомобиль къэралым къызитакъым. Сэ хабзэу згъэуващ премьер-министрми адрей министрхэми мазэ къэс ахъшэ бжыгъэ пыухыкIа иратыу икIи дэтхэнэми ар зэрыхуейуэ къигъэсэбэпырт».

Къэралыр къулыкъущIэхэм зэрахуэткIийм хуэдабзэу, ягури къихьэхуну хэтщ: абы улахуэшх уэ къыщахь къулыкъущIэхэмрэ суд зыщIэхэмрэ. «Зи улахуэхэр мащIэ министрхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ Азием щыщ зы къэралыгъуэкъым ятекIуэдар», - жеIэ Ли Куан Ю. Къэрал къулыкъущIэхэр уней фирмэхэм мыкIуэн щхьэкIэ а иужьрейхэм щылажьэ менеджерхэм къахьым хуэдиз хэхъуэ яIэу ящIащ.

ФедерацэмкIэ Советым и унафэщI Миронов Сергей зыбжанэрэ щыIащ Сингапурым. «Къэралым къулыкъу хуэзыщIэхэм я къалэныр тэмэму ягъэзэщIэн папщIэ сыт и лъэныкъуэкIи пылъхьэншэу къызэгъэпэщащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ещIэ: езыри и бынхэри зыхуей щыхуэзэнур я пщэрылъхэм хуэпэжмэщ. А псом ебакъуэу Iулъхьэ къэзыщтэр и напэр текIуауэ, цIыхуфэ кърамыплъыжу уэрамым къыдэнэну аращ», - жеIэ Мироновым.

ЦЕПЛЯЕВ Виталий.
«Аргументы и факты».



● ТхылъыщIэ

Щхьэхуитыныгъэр къыхэзыхахэр

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Убыхи: ушедшие во имя свободы» тхылъыр. Хьэфиз (Семэн) Маринэ и монографиещ ар, зытеухуари тхылъым фIищамкIэ гурыIуэгъуэщ.

КЪУХЬЭПIЭ КавказымкIэ щыпсэуа убыххэр Урыс-Кавказ зауэм IэщIэкIуэдахэм ящыщщ. Мы лъэпкъыжьым щыщ дунейм темытыжу аракъым - ахэр щыIэщ, кIуэдар я бзэращ.

Убыххэм ятеухуауэ ятхауэ щыIэ псор зэригъэзахуэу, Урысей пащтыхьыгъуэм щIыр къэубыдыныр, лъэпкъхэр и унафэм щIигъэувэныр и гуращэу иригъэкIуэкIа зауэм а адыгэ лIакъуэр зэрыхэтар къэзыIуэтэж лэжьыгъэр гъэщIэгъуэн хъунущ тхыдэм дихьэх дэтхэнэм дежкIи.

Тхылъым и щIэныгъэ редакторыр Дзэмыхь Къасболэтщ, мылъку и лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн хъуар Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ абы и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобийрэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм зыхуегъэхьэзыр

● МВД

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм щекIуэкIын хуей зэхъуэкIыныгъэхэм Президентым и нэIэ тетынущ. Ар Медведев Дмитрий щыжиIащ МВД-м и коллегием и зэIущIэм. Къэрал унафэщIым игъэбелджылащ МВД-м и центральнэ аппаратым нобэкIэ щылажьэ цIыху 19970-р мини 10-м нэс гъэмэщIэн хуейуэ. Апхуэдэ къабзэу мы IуэхущIапIэм и къалэну щытахэм хэщIащ чэф тегъэужыпIэхэр, машинэхэм я щытыкIэр къэпщытэныр, Iэпхъуэшапхъуэхэм ядэлэжьэныр.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министр Нургалиев Рашид мы мазэм къриубыдэу игъэхьэзырын хуейщ МВД-м и гъэпсыкIэр зыхуэдэнур, абы щылэжьэнухэр дяпэкIэ къызэрыхахыну щIыкIэр.

МВД-м и Iуэхур щIэмыхъум, мыбы Iулъхьэ щIыщызекIуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыхалъагъуэр милицэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр зэрымащIэ дыдэрщ.

Ар къыхегъэщ МВД-м и Финанс-экономикэ департаментым и лэжьакIуэхэм ящыщ зым «Известия» газетым и корреспондентым къыжриIам. «Совет зэманым щыгъуэ милицэм ухэтыныр фIыт икIи пщIэ зыпылът. Улахуэхэр инт, абы къинэмыщIауэ, льготэ гуэрхэри щыIэт. Иджы сыт? Псалъэм папщIэ, лэжьакIуэщIэ къащтам унагъуэ, бын иIэщ. Ауэ и улахуэмкIэ и унагъуэр хуэгъэпсэунукъым. Аращ и лэжыгъэр къыфIэмыIуэхущэныр, гу быдэ хъуныр, езым и къарум къимыхьым щхьэкIэ дуней псор игъэкъуэншэныр къызыхэкIыр».

ДяпэкIэ апхуэдэу щыт зэрымыхъунур къыгурыIуэу, Президентым жиIащ милицэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуэнур, унэ къащэхуфынымкIэ къэралыр зэрадэIэпыкъуну щIыкIэри зэрагъэбелджылынур.

Ар, зэрыжаIэщи, я гур щабэ зэращIынуращ. Ауэ чнутIи щыIэнущ: Президентым УФ-м и Къэрал Думэм законопроект щIилъхьащ милицэм и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджагъэ ящIэмэ, я Iуэхум ткIийуэ зэрыхэплъэну щIыкIэр къыщыгъэлъэгъуауэ. А законопроектым депутатхэр арэзы техъуэмэ, милицэм хэту щIэпхъаджагъэ зылэжьам и Iуэхур нэхъ хьэлъэ хъунущ.

ФАРИЗОВЭ Сюзаннэ.

● Ди псэукIэр

Къулейхэм къулейсызхэр къафшэ

США-м къыщежьа финанс кризисым Урысейр къела хуэдэщ. Къулейсызхэмрэ ику иту псэухэмрэ я бгырыпхыр щIакъуззэху, къулейхэм эксклюзив сыхьэтхэр зым еврэ мини 150-рэ и уасэу, спа-бассейнхэр мини 100-кIэ, африкэ джэду лIэужьыгъуэр мин 15-кIэ къащэ хуащ.

МЕЛАРДЫРЫБЖЭХЭМ я щхьэр зэрагъафIэр «тIэкIукIэ» нэхъ лъапIэщ. Псалъэм папщIэ, Лондон и гъунэгъуу лъапсэ зыIэрагъэхьэным, кхъухьлъатэ, хытIыгу, яхтэ я щхьэм къыхуащэхуным еврэ мелуан пщIы бжыгъэ трагъэкIуэдащ. Москва и Черкизовэ бэзэрыр зейуэ щыта Исмаилов Тельман и хъуэпсапIэм-Тыркум щиухуа «Мардан-палас» хьэщIэщым - еврэ зы мелардщ тригъэкIуэдар!

«Финанс» журналым зэритхымкIэ, меларды рыбжэхэм я бжыгъэр 1,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ нэгъабэ. Абыхэм я мылъкур доллар меларди 139-рэ мэхъу. Зи Iуэхухэр мыIей ди хэкуэгъухэм щхьэкIэ дыгуфIэми хъунут, мы махуэхэм Росстатым къита бжыгъэхэр мыхъуамэ. Урысейм и цIыху нэхъ къулей процентитI 10-м яIэщIэлъщ ахъшэу къэралым илъым и Iыхьэ щанэр. Нэхъ къулейсыз процентитI 10-м къалъысар хэхъуэ псом и процент 1,9-щ. Ику ит улахуэм зэрыхэхъуэм емылъытауэ (Урысейм ар сом 18785-рэ, Москва - 44988-рэ щыхъуащ), ди цIыхухэм ящыщу мелуан 24-рэ къулейсыз дыдэу къонэ. Къулейхэмрэ къулейсызхэмрэ мылъкукIэ зэрызэщхьэщыкIыр нэхъри нэрылъагъу хъуащ.

Финанс кризисыр къежьэным и пэкIи аращ зэрыщытар. Къулейхэр нэхъри къулей, къулейсызхэр нэхъри мылъкуншэ хъурт. Абы тепщIыхьмэ, гъэщIэгъуэнщ цIыхухэр зэхуэгъэдэн зэрыхуейм хухэха Дунейпсо махуэ зэрыщыIапхъэр къызэзылъхьар Урысейр зэрыармырар. Апхуэдэ Iуэху къыхэзылъхьар Къыргъызым и президент Бакиев Курманбекщ икIи нэгъабэ, мазаем и 20-м, дунейм япэу щагъэлъэпIащ «къулейсызыгъэ щымыгъэIэным, дэтхэнэми лэжьапIэ иIэным, цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэным, цIыхум хуэфащэ псэукIэ иIэным» хухаха махуэр. Ди деж хэIущIыIущэ щыхъуакъым апхуэдэ махуэ зэрагъэлъапIэр. Уеблэмэ профсоюзхэм гу лъатэркъым хэхъуэу яIэмкIэ цIыхухэр ущIэгузэвэн хуэдизу зэрызэщхьэщыкIам, къулейми къулейсызми ят налогымкIэ зэрызэхуагъэдам. Гу лъитэми, цIыхухэм къащхьэщыжу IуэхущIафэ пыухыкIа дэтлъэгъуакъым.

Психологхэм зэрыжаIэмкIэ, тхьэмыщкIагъэм къыхэмыкIыф цIыхур абы и хъым йохуапэ. Зыгуэр ищIэну хуэмеиж мэхъу. Профсоюзхэми ар къащыщIауэ пIэрэ?

Пащтыхьыныр (депутатыныр, нэгъуэщI мыхъуми профсоюзхэм я унафэщIыныр) Бальзаминовым къылъысауэ щытамэ, абы «унафэ ищIынт къулейм къулейсыз къишэну». Зиусхьэн къулейхэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ дуней псом къыщагъэсэбэп Iэмалхэр ди унафэщIхэм къыщамыгъэIурыщIэфкIэ, мы Iуэхур фи пщэм дэфлъхьэ - нэгъуэщI мыхъуми къулейсызхэм ящыщ фIэкIа къэвмышэ.

«Литературная газета».

Африкэ союзым и унафэщIу зэрыхахам папщIэ, Каддафи ехъуэхъуну Иордан къэралыгъуэм и лIыкIуэхэр Ливием щыщыIам а гупым яхэтащ нэхъыжьхэм я Хасэм и унафэщI ШкIахъуэ Аднан. Ливием и унафэщIым хьэщIэхэр щрагъэцIыхум, абы гулъытэ хэха къыхуищIащ, гуапэуи къепсэлъащ ди лъэпкъэгъум. Каддафи и псалъэм къыхигъэщащ адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, нобэ зыхэт гугъуехьхэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр.

● Адыгэ хэхэсхэр

Каддафи Муаммар ди лъэпкъэгъухэр иригъэблэгъащ

ИУЖЬЫIУЭКIЭ абы адыгэ гуп иригъэблэгъащ, Ливием и лIыкIуэу Иорданым щыIэм а Iуэхур зэфIигъэкIыну пщэрылъ щищIри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Триполи кIуащ адыгэхэм ящыщ гупышхуэ (цIыху 20).

Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэ лIыкIуэхэр Каддафи зэрыIущIар къагъэлъэгъуэнымкIэ Ливием и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм гуэныхь къазэрытемынар. Псалъэм папщIэ, нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ «Аль-фаджр аль-джадид» газетым дигъэху щымыIэу къытридзащ Ливием и унафэщIымрэ хьэщIэхэмрэ зэжраIар.

- Сэ фIыщIэ фхузощI фыкъызэрытхуеблэгъам папщIэ, - жиIащ Каддафи. - НэгъуэщI лъэпкъхэр шэрджэскIэ зэджэ фэ адыгэхэм фи нэхъыжьхэр урыс пащтыхьыгъуэм и зэманым тхыдэм и гузэвэгъуэ къызэрымыкIуэм зэрыпхыкIам сыщыгъуазэщ. Адыгэхэм я хэкум - Кавказ Ищхъэрэм - зауэм и гузэвэгъуэ псор щагъэващ. Фи цIэр фIыкIэ жаIэ, пщIэрэ дзыхьрэ къыфхуащI, щIэныгъэшхуэ зиIэу къыфхэкIахэм хьэрып къэралхэм къулыкъушхуэхэр щаIыгъщ.

Адыгэ лIыкIуэхэм бысымым фIыщIэ хуащIащ икIи я зэхуэзэм и фэеплъу иратащ Амман къыщыдэкIа Адыгэ щIэнгъуазэр. Абыхэм Каддафи Иорданым ирагъэблэгъащ, щхьэхуэу адыгэхэм я деж щагъэхьэщIэну зэрагуапэри жраIащ.

Иордан парламентым и депутат, Ливием щыхьэщIахэм ях эта Щэбрыкъуэ Мужир зэрыжиIамкIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIынутэкъым адыгэхэм къахэкIа цIыху цIэрыIуэ хэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Египетым, Ищхъэрэ Африкэм къыщана лъэужьыфIхэм Каддафи зэрыщыгъуазэр.

- Сэ зэрысхуэзэфIэкIкIэ садоIэпыкъу цIыху бжыгъэкIэ мащIэ лъэпкъхэм, зыми хуимыту ягъэпсэухэм. Дэ куэдрэ щхьэхуитыныгъэм дыщIэбэнащ икIи уасэшхуэ щIэттын хуей хъуащ абы. Аращи, гукIэ сыфщIыгъущ, сыткIи зыфщIэзгъэкъуэнуи сыхьэзырщ,-жиIащ Ливием и унафэщIым.

Ливиер адыгэхэр щыпсэу къэралхэм ящыщщ. Мини 10 хуэдиз адыгэ щопсэу Мысрат къалэм и гъунэгъуу. Минитху хуэдиз дэсщ Бенгази къалэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм адыгэбзэ ящIэжыркъым, адыгэ хабзи зэра-хьэжыркъым, зыщыщ лъэпкъым и тхыдэми мащIэщ хащIыкIыр. Ауэ я къуэпсхэр къалъыхъуэж зэрыхъуам и щыхьэтщ Бенгази иджыблагъэ Адыгэ Хасэ къызэрыщызэрагъэпэщар.

Ливием щыIэ адыгэхэр зэрыпсэур сатущ. Абыхэм я хабзэщ IуэхущIапIэр зейм и унэцIэм «черкеси» псалъэри дэщIыгъуу тратхэу.

КIЭРАШЭ Iэминат.
Амман къалэ.
«Шапсыгъ» газетым папщIэ игъэхьэзыра тхыгъэщ.

Ахъшэшхуэ къызэралэжьыр

● Узыншагъэ

НТВ каналым къигъэлъэгъуащ «История всероссийских обманов» теленэтынхэм ящыщу иджыблагъэ ягъэхьэзырар. Абы елэжьахэм ящыщ тележурналист Егоров Алексейрэ «Известия» газетым и корреспондент Киеня Наталиерэ фильмым теухуауэ зэжраIам кIэщIу фыщыдгъэгъуэзэнщ.

- Фи нэтынымкIэ сыт щIэуэ къэдвгъэщIэну фызыхэтар?

- Япэрауэ, таблеткэ псори къытщхьэпэу къызэрытлъытэр зэрыщыуагъэрщ. ЩIэх-щIэхыурэ икIи куэдым къагъэсэбэп хущхъуэхэм щыщу нэхъ цIэрыIуэу 10 къэдвгъащти, IэщIагъэлIхэм девгъэупщI ахэр къазэрыщыхъумкIэ. Псалъэм папщIэ, псоми ди Iэпэгъу анальгиныр къыщагъэсэбэпыркъым Швецием, США-м, Канадэм, Великобританием, Данием, иджыри къэрал 70-м нэсым. Парацетамолыр зэпхьэлIэу трансплантологхэм ядэркъым, тхьэмщIыгъур Iсраф ещIри.

Е къэтщтэнщ валокординымрэ корвалолымрэ, зи гур къыхэузыкIхэр япэу зэпхъуэр. ФщIэуэ пIэрэ валокордин уефауэ уи машинэмкIэ зыгуэрым ужьэхэуэмэ, экспертнаркологым афиян лIэужьыгъуэ зэпхьэлIауэ жиIэнкIэ зэрыхъунур? Валокординым афияну къалъытэ фенобарбиталыр хэлъщ. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ. КIэщIу жыпIэмэ, таблеткэхэр идодзых, ахэр сэбэпми зэранми демыгупсысу.

- НТВ-м и корреспондентхэм сыт къыщалъэгъуар хущхъуэ щащI компаниехэм?

- Коррупцэ егъэлея, си нэкIэ сымылъэгъуатэмэ си фIэщ мыхъуну. Фармбизнесым щылажьэ IэщIагъэлIхэм цIыхухэм я узыншагъэ Iуэхущ зэрахуэн хуейр. Япэм банкиру щыта, иджы фармкомпание лъэрыхь зиIэм зэрыжиIащи, «банк бизнесыр сабий джэгукIэхэм ящыщ зыщ хущхъуэ зыщIхэм еплъытмэ». Зы щапхъэ. Лышхым зэреIэзэ хущхъуэхэм ящыщ зыр сом 7800-рэ аптекэхэм щиуасэщ. Гъэпцiагъэ зыхэмылъ аукционым абы и уасэр сом 46-м нэс къыщехуэхащ. Ар и щыхьэтщ мы бизнес лIэужьыгъуэм «ахъшэ делэу» къыщекIуэкIыр зыхуэдизым.

Мысымэджэн щыIэкъым, сыт атIэ тщIэн хуейр? Дохутырым къыбжимыIа хущхъуэ уемыфэнырщ. Абы хущхъуэ нэпцIым ущимыхъумэфынкIэ хъунщ, ауэ хущхъуэ лей зрыуигъэхьэлIэнкъым.

● Ди гъунэгъухэр

Урысейм щыщхэм Абхъазым унэ къыщащэхуфынущ

Абхъазым и президент Бэгъэпщ Сергей къыхилъхьауэ, республикэм щIы, унэ къызэрыщащэху хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну ягъэхьэзыр. «Абхъазым и цIыхухэм Урысейм псэупIэ къыщащэху хъууэ, Урысейм щыщхэм апхуэдэ хуитыныгъэ ямыIэныр захуагъэкъым», - жеIэ абы.

«УРЫСХЭР къэкIуэнурэ, псори зэщIащэхуэнущ», - зэрыжаIэм Бэгъэпщ Сергей шэч къытрехьэ. Иджыри къыздэсым Урысеймрэ цIыхухэм дэнэ къэна, абы къулыкъу щызыхь ди дзэм хэтхэр хуитакъым абы уни лъапси къыщащэхуну.

ГъэщIэгъуэнщ: Урысейр сыткIи Сыхъум доIэпыкъу, езым цIыху зэхэгъэж ещI.

Иджы а псом зихъуэжын хуэдэщ. Республикэм и унафэщIхэм къагуроIуэ а щIыналъэм псынщIэу зэрызимыужьынур, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикI мылъку къаIэрымыхьэмэ. 1992 гъэм, зауэм щыгъуэ, я хэкур зыбгына абхъазхэм я унэхэр зэхэкъутащ е щыIэжыххэкъым. Абыхэм къагъэзэжыну щIытемыгушхуэр зыщыпсэун зэрамыIэжырщ.

Абхъазым унэ щызыухуэну е зэхэкъутахэр къэзыгъэщIэрэщIэжыну мылъку зиIэхэм гъуэгур хузэIуахынущ. Абы къигъэлъэгъуэращи, Сыхъум сыт и лъэныкъуэкIи хущIэкъунущ ар къэрал щхьэхуиту къэзылъыта Урысейм тыншу сату къыдищIэным.

КАБАНОВ Денис.
«Комсомольская правда».

Египетым и къалащхьэ Каир цIыху мелуан 20-м нэс щопсэу. ГурыIуэгъуэщ хьэблэщIэхэр къэмыуныхэуэ, цIыхухэм щIыри, унэри, хьэуари зэрахурикъунур. Аращи, архитекторхэр пшахъуэщIым йобгъэрыкIуэ, абы «къыIэщIагъэкIым» мыпхуэдэ теплъэ иратыф.

1944 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м Куржым и ипщэ лъэныкъуэм, Месхетием, щыпсэу тыркухэр Азие Курытым яшауэ щытащ. Бжыгъэхэр зэтехуэркъым, ауэ абыхэм ящыщ зыр мыпхуэдэщ: Месхетием щыпсэуар цIыху мин 220-рэ мэхъу, Азием яшар цIыху мини 125 - 144-м я зэхуаку итщ.

● Лъэпкъ зэхэзехуэнхэр

Тырку-месхетинхэм зыри къапэплъэркъым

ИЛЪЭС 45-рэ дэкIауэ, 1989 гъэм, къулейсызыгъэ щытепщэ, цIыху куэд дыдэ щыпсэу Фергана щIыпIэм тырку-месхетинхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщхэр къащытеуащ. Гузэвэгъуэм кърихужьа тыркухэр Урысейм, Къэзахъстаным, Азербайджаным къыщыувыIахэщ (иужьрей республикэм итIысхьащ цIыху мин 43-рэ).

Абы лъандэрэ ахэр хущIокъу Куржым ягъэзэжыну. Хуэхьэзыру пIэрэ а къэралыр мыпхуэдиз цIыху зришэлIэжыну? Сыт хуэдэ хабзэ Куржым щызекIуэрэ мыпхуэдэ Iуэху иризэфIэпхыфыну? Абы теухуауэ сопсалъэ куржы правовед Чихладзе Ираклий.

- 1958 гъэм тырку-месхетинхэр хуит ящIащ Азербайджаным и Муган губгъуэ нэщIхэм Iэпхъуэну. Езыхэр Куржым кIуэжыну хуейт, ауэ ар къыхуадэртэкъым. 1979 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м Куржым и КП-м и ЦК-мрэ Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ тыркухэр мащIэ-мащIэурэ къызэрагъэIэпхъуэжыным теухуауэ. Унагъуэ 300 абы къыщыхутэжат 1989 гъэм ирихьэлIэу.

1989 гъэм накъыгъэм и 23-м Узбекистаным лъэпкъ зэжьэхэуэ къыщыхъуа иужь, СССР-м и дзэм а щIыпIэм къриша тыркухэр Урысейм, Азербайджаным, Украинэм тригуэшащ. Абы щыгъуэми, Куржым «и бжэр» яхуIуихакъым. Уеблэмэ а гъэ дыдэм езы Куржым тыркухэр зэхэзехуэн щыхъури, а щIыналъэр етIуанэу зыбгынаи щыIэщ.

1992 гъэм Тбилиси къыщызэрагъэпэщ «Тырку-месхетинхэр къэгъэIэпхъуэжыным и Iуэху зезыхуэну комиссэ» икIи 1993 гъэм щыщIэдзауэ зыгуэр тIэкIухэми абыкIэ ягъэзэж.

1999 гъэм фокIадэм и 27-м Куржыр Европэм и Советым хагъэхьати, ПАСЕ-м и унафэщыIэм ипкъ иткIэ игъэхьэзырын хуей хъуащ Хэкум залымыгъэкIэ ирашахэр къызэрагъэIэпхъуэжыну щIыкIэм лъабжьэ хуэхъуну хабзэр. ИлъэситIым къриубыдэу игъэбелджылын хуеят а хабзэр, ауэ 2007 гъэращ а законыр къыщащтар. Ар къамыщтами хъунут, къэIэпхъуэжыну хуейхэм я Iуэхур зыкIи зэращимыгъэпсынщIэр къэплъытэмэ. Псалъэм папщIэ, абы и ещанэ статьям зэригъэбелджылымкIэ, хэкум зыгъэзэжыну щIэлъэIуну хуитыр и лъапсэр зрагъэбгынамрэ абы къыщIэхъуа и бынымрэщ. Абдеж дыдэм дыщIагъуж лIым апхуэдэ тхылъ имытхамэ, и щхьэгъусэмрэ и бынымрэ я лъэIу тхылъым хэмыплъэну.

Зи хэку къэзыгъэзэжым и статус къыплъысин щхьэкIэ справкэу 10 зэхуэпхьэсын хуейщ, доллар 400 текIуадэу. А справкэхэм ящыщ зыр щыхьэт техъуэн хуейщ цIыхур залымыгъэкIэ зэрырагъэкIам. Абы щыгъуэм зэщIакъуэри ирагъэкIащ, уеблэмэ я унэцIэхэр ятхакъым. Дэнэ иджы къыздипхынур Iуэхум залымыгъэ зэрыхэлъам щыхьэт техъуэ справкэ? ЦIыхум къигъэлъэгъуэн хуейщ мылъкуу, ахъшэу къыздишэжыфынур зыхуэдизыр. Абы щыгъуэми, законым зы псалъи щыжыIакъым къэIэпхъуэжынухэм ахъшэкIэ е нэгъуэщIкIэ къэралыр ядэIэпыкъун хуейуэ.

АрщхьэкIэ документи 10-мкIэ Iуэ хур зэфIэкIыркъым. Законым и е 7-нэ статьям и 1 Iыхьэм зэрыщыжыIамкIэ, «Куржым и правительствэр хуитщ репатриантым и статусыр кърaтын щхьэкIэ нэгъуэщI Iуэ хухэри пиубыдыну». Аращи, справкэ псори зэхуихьэсыфауи дощIри, хэкум зыгъэзэжыну хуейм ар къехъулIэн-къемыхъулIэнщ.

Апхуэдэ лъакъуэпэщIэдзу законым хатхар мащIэкъым, куржы жылагъуэм хэзэгъэжынымкIэ и зэфIэкIыр зыхуэдэнур я фIэщ ищIын, куржыбзэр ищIэн зэрыхуейр жыпIэми. Абы щыгъуэми, къэзыгъэзэжхэр къэралым изэгъэ жыху я Iуэхур ящызыгъэпсынщIэн куржыбзэр щызрагъэщIэн центр щыIэн зэрыхуейм теухуауэ зыри жаIэркъым.

Хубгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, мы законыр къыщищтэм Куржыр зэгупсысар политикэ Iуэхухэрщ, армыхъумэ зи хэкумкIэ къеIэхэм защIэгъэкъуэныркъым, - жеIэ Чихладзе Ираклий.

КЯМАЛ Али.
«Северный Кавказ».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Iуэхум зэрыпхуэIэт и инагъщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Псалъэм папщIэ, нобэрей ди зэхуэсым теухуа хъыбарыр цIыхум нэхъ щIэхыу зэралъэбгъэIэсыфынур интернетым и Iэмалхэрщ, - жиIащ **Сэхъутэ Аскэр**. - Арыншамэ, Хэкум къыщыдэкIа газетыр е журналыр Америкэм е Тыркум ебгъэшэн щхьэкIэ ахъшэ хъарзынэрэ зэман куэдрэ текIуэдэнущ, ар дыдэр интернет сайткIэ зэфIэпхыным текIуэдэнум елъытауэ. А тIур зэбгъапщэ мыхъуным хуэдэу зэпэжыжьэщ икIи дунейм зэрызиужьым дыдэбэкъуэн хуейщ.

Абы и жэуапу **Думэн Хьэсэн** жиIащ:

-Интернетыр пщэдейрей махуэмкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэмкIэ нэхъ IэмалыфIуи къыщIэкIынщ, ауэ апхуэдэ «къыдэкIыгъуэхэр» илъэсипщI бжыгъэкIэ, лIэщIыгъуэкIэрэ архивхэм щахъумэркъым, нэхъ хъума хъунури къэкIуэнум къахуэнэнури, тхыдэ тегъэщIапIэ пхуэщIыжыну дэфтэрри тхылъымпIэм итращ.

- Интернетыр, шэч хэмылъ у, нэхъ щIэхщ, нэхъ псынщIэщ, ауэ плъыфэбзу къыдэкI журналыр, зэман дэкIа нэужьи зэIэпахыу щIаплъыкIщIаджыкIыр димыIэнкIэ Iэмал зимыIэщ, - жиIащ **Гугъэв Джихьан**. - АдыгэбзэкIэ къыдэкI журналымрэ газетымрэ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми я Iэнэгум телъын хуейуэ къызолъытэ.

- Зэманым декIур лIыфIщ, жаIакъэ. Абы зыдедгъэкIун, къигъэув жыпхъэхэм зидгъэзэгъэн х уейщ, зэманым и гудзэм дыкъыхэмыхун папщIэ, ауэ интернетыр къуажэхэм дэс ди лъэпкъэгъу псоми зэрамыIэм девгъэгупсыси, а тIури екIуу зэрызэдэтхьынур дывгъэубзыху, - пищащ **Аслъэн Алий** .

А IуэхугъуитIми зэгъэкIукIэ дахэ зэриIэр икIи ар куэд щIауэ къызэрагъэсэбэпыр къыхигъэщащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ДАХ-м, ЩIДА А-м я вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

- Пэжщ, веб-сайтым нэхъ щIэх узэлъегъэIэс, абыкIэ а IэнатIэм пэхъуни зэкIэ щыIэкъым, ауэ интернетым «къыщагъэсэбэп» адыгэбзэмкIэ къыдэкIуэтей щIэблэм зэи анэдэлъхубзэ къабзэ зригъэщIэнукъым, абы къибгъуатэ хъыбархэм я нэхъыбэри дзыхьщIыгъуэджэщ, - жиIащ ХьэфIыцIэм. - Газетымрэ журналымрэ къыдэгъэкIыныр абы зэрефIэкIым и щыхьэт куэд щыIэщ икIи ахэр х эткIи гурыIуэгъ уэу си гугъэщ. ЕтIуанэрауэ, газетри журналри къызэрыдэкIыу ар интернетым хэбгъэхьэ мэхъу. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ хъуауэ къыдокI «Адыгэ псалъэр».

Iуэху еплъыкIэхэр къаIуэта нэужь, Хасащхьэм хэтхэр арэзы зэдэхъуащ интернет сайтри ягъэпсыжыну (ар нэхъапэми яIэу щытащ, щхьэусыгъ уэ зыбжанэм къыхэкIыу зэпагъэуами), «Нарт» газетыр (мазищым зэ), «Адыгэ дуней» журналыр илъэсым зэ (адыгэбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, урысыбзэкIэ) къыдагъэкIыну.

ЕтIанэгъэ, 2011 гъэм, илъэс 20 ирокъу Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрыунэх ур-рэ. Ар хэIэтыкIауэ гъэлъэпIэнымрэ абы ипкъ иткIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхунымрэ теухуауэ Хасащхьэм унафэ къищтащ а Iуэхур ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым пщэрылъ щищIыну.

Хасащхьэр зыхэплъа Iуэх угъуэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Краснодар крайм, адыгэхэр зэуIуу щыпсэу къэралхэм я унафэщIх эм ДАХ-м и цIэкIэ захуэгъэзэныр къызэгъэпэщынымрэ апхуэдэ зэIущIэхэм къыщыIэтыпхъэ упщIэхэмрэ гъэбелджылынымрэ теухуар. Абы ипкъ иткIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къанщобий**.

- Апхуэдэ зэIущIэхэр, шэч хэмылъу, егъэкIуэкIын ху ейщ, - жиIащ Ажахъуэм. - Ауэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъунури, унэтIыныгъэу иIэнури, ар зэфIэзыхынури дызэгурыIуауэ къэтщтэн ху ейщ, ДАХ-м къызэщIиубыдэ Хасэхэм я жэрдэмхэр зэпэлъытауэ.

КъыкIэлъыкIуэ Iуэхугъуэу къызэхуэсахэр едэIуащ нэгъабэ дыгъэгъазэ мазэм и пэщIэдзэхэм Москва щекIуэкIа дунейпсо зэх уэсышх у эм, Урысейр зи хэкуу къэзылъытэхэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщам, ДАХ-м и лIыкIуэу щыIа **Дзэмыхь Къасболэтрэ НэкIацэ Владимиррэ** жаIахэм.

- Урысейр зи хэкуу къэзылъытэх эм я Iуэхухэм теухуауэ мыр ещанэ зэхуэсщ, - жиIащ Дзэмыхьым. - Нэхъапэ екIуэкIа зэхыхьэгъуитIми ДАХ-м и лIыкIуэ хэтащ, жыдж эру хэлэжьыхьу. Иджырейм къекIуэлIащ къэрал 84-м щыщ лIыкIуэхэр, абыхэм яхэтащ Сирием, Иорданым, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъухэри. Конгрессым къыщаIэта Iуэхугъуэхэм нэрылъагъу къащIащ Урысейм и лъэпкъэгъуу хамэ къэралхэм щыIэхэм я гурыгъу-гурыщIэм къэрал гулъытэ зэрагъуэтынур. Ар ди лъэпкъым и фейдэ хэлъу къызэрыдгъэсэбэпынырщ адэкIэ дызэгупсысын хуейр.

А зэхыхьэм щызэхахамрэ гупсысэу къыхахамрэ къаIуатэу къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ **Сэхъутэ Аскэри** (Краснодар).

- Ди лъэпкъ Iуэхум ехьэлIауэ щапхъэу къатщтэ хъун куэд хэслъэгъуащ сэ зи гугъу тщIы зэхуэсым, - жиIащ Сэхъутэм. - Илъэсым къриубыдэу зэдэтщIэфыну Iуэхухэр щыубзыху а программэ къатщтэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм Москва зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэн хуейуэ къызолъытэ. Апхуэдэу адрей хэгъуэгухэм зэращIым и проектхэр дагъэлъэгъуащ, дызэрызэдэлэжьэнум и гъуэгу дытрашащ. Зэхуэсышхуэм и секцэ лэжьыгъэхэм сыхэту МИД-м сыщыкIуам, сэ абыхэм сеупщIащ, «щхьэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэу республикэхэм щыIэхэр къевмыгъэблагъэрэ, хамэ къэралхэм щыIэ ди хэкуэгъухэм ядэлэжьэнымкIэ Iуэху зехьэкIэм хэвмыгъэгъуазэрэ» жысIэри. «Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зы зэхуэс дыхэтыну сыту фэ девмыгъэблагъэрэ? Апхуэдиз къэралымрэ хэгъуэгухэмрэ къикIыу фи лъэпкъэгъухэр щызэхэфшэкIэ, зэгуэр фыкъыдэджа? Iуэху къыддэфщIэну фыхуеймэ, УФ-м и Правительствэм, МИД-м щыщ цIыху фи лъэжьыгъэм щывмыгъэгъуазэрэ? Фэ фыкъыдэджэркъым, дэ фызэхэтхыркъым. Адыгэ Iуэхум фытепсэлъыхьыну фыхуеймэ, ДАХ-м и зи чэзу зэхыхьэ, упщIэу фиIэх эр хьэзыру, фи Правительствэхэр фи гъусэу Москва фы къакIуи щевгъэкIуэкI», - къыджаIащ. Аращ Iуэхур зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу сэ къыхызолъхьэ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и зы зэхыхьэгъуэ Москва щедгъэкIуэкIыну, зи гугъу тщIахэм щыщ къедгъэблагъэ у, ди Iуэх у зытет къе дгъэщIэну.

А Iуэхум теухуа унафэ нэхъ иужькIэ ГъэзэщIакIуэ гупым къищтэну зэгурыIуащ Хасащхьэм хэтхэр.

АдэкIэ Советыр зыхэплъахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр. Къызэхуэсахэм я пащхьэ абы теухуауэ къыщыпсэлъащ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ** КъБР-м щыIэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбийрэ**. 131-нэ Урысей Зак оныр гъэзэщIэным къытехъеикIауэ ди республикэм иужьрей зэманым илъ псалъэмакъыр щызэхахым, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэу Хасащхьэм хэтхэр къигъэуIэбжьащ, ар Iэпэдэгъэл пщIы мыхъун Iуэхуу зэрыщытыр жаIащ. Ахэр тIэкIу нэхъ игъэсабырыжащ щIы IуэхукIэ зэпэщIэува лъэныкъуитIри арэзы къэзыщI унафэ къамыщтауэ абы кIэух зэримыIэнур**Къуэшырокъуэ Залым** зэрыжиIам. Ауэ абыкIэ гупсэхугъуэ зратыжу, адэкIэ къэхъунум ежьэу дяпэкIэ щыс зэрымыхъужынури къыхигъэщащ зэIущIэм кърихьэлIахэм икIи Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ а Iуэхум ехьэлIауэ къыхалъхьэхэр ДАХ-м зэрыдиIыгъымкIэ зэрызыхуагъазэ псалъэ къащтащ.

Хасащхьэм къабыл ищIащ ДАХ-м и саугъэтыр 2010 гъэм «Литературэ», «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ», «Щэнхабзэмрэ спортымрэ» унэтIыныгъэхэмкIэ зэратынум, ахэр къыхэзыхыну къэпщытакIуэ гупыр зэхэшэным теухуа унафэр. Абы къищынэмыщIауэ, къызэхуэсахэм къызэдащтащ 2014 гъэм Сочэ къалэ щекIуэкIыну XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Зэрызыхуагъазэ тхыгъэр. Къыхэбгъэщмэ, абы къыщыгъэлъэгъуащ Олимп Джэгухэр щрагъэкIуэкIыну я мурад щIыпIэмрэ адыгэ тхыдэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпыщIар, абы епхауэ ди лъэпкъым гулъытэ гуэр игъуэтын хуейуэ ДАХ-м къызэрилъытэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2010 - 2012 гъэхэм зэфIигъэкIын хуей Iуэхухэм щыщу Адыгэ уэрэдым и дунейпсо фестиваль Налшык щегъэкIуэкIыныр ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэрыхилъхьар къызэхуэсахэм къыдаIыгъащ. ХьэфIыцIэм къыхигъэщащ апхуэдэ жэрдэмым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан арэзы зэрыдэхъуар, ар зыхуей хуэзэу зэфIэхынымкIэ адэкIи и нэIэ зэрытригъэтынур. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд апхуэдэу къэпсэлъащ адыгэм и Щыгъуэ махуэр, накъыгъэм и 21-р, мы гъэм зэрырагъэкIуэкIынум теухуауэ. Дэнэ щIыпIэ щыпсэу адыгэри зэгъусэу Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм а махуэм зы дакъикъэ яхуэщыгъуэну, щыгъ уэр зэрагъэлъагъуэ дамыгъэ къызэдащтэну абы къыхилъхьащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ лъапIэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ зыхуагъэфэщахэм етыжыным Iуэхур щыхуэкIуэм, утыкум кърагъэблэгъащ ДАХ-м и тхьэмадэ у щытахэу **Нэхущ Заурбийрэ Дзэмыхь Къасболэтрэ**, Иорданым щыщ щIэныгъэлI, къэрал лэжьакIуэ, ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и академик **Бацэжь Мухьэмэд-Хьер**, США-м щыпсэу адыгэх эм я лIыкIуэу ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт **Шыкъ (Думэн) Чечек** сымэ. Iэгуауэм щIэту абыхэм иратыжащ я жылагъуэ зэфIэкIым папщIэ хуагъэфэща дамыгъэхэр. Апхуэдэ щIыхь зыхуащIахэм ящыщщ **Хъуажь Фахърий, Тумэ Рахьмий, Хьэткъ уэ Аслъэн, Есэн Сэбэхьэтдин** (Тырку), **ГутIэ Шакиб, Алъэсчыр Мамдухь** (Иордан), **Натхъуэ Къадыр, Джэтауэ Ахьмэд** (США), **ТIамжьыкъуэ Умар** (Германие), **Шэрэдж Хьэсэн** (Сирие) сымэ.

ДАХ-м и дамыгъэ лъапIэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ зыхуагъэфэщахэм ящыщу **Бацэжь Мухьэмэд-Хьер** къыщыпсалъэм, лъэпкъым апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуищIам хуабжьу зэрыригушхуэр жиIащ икIи псоми фIыщIэ яхуищIащ. Адыгэ лъэпкъым, псом хуэмыдэу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм, я тхыдэм теухуауэ тхылъи 8 хъууэ къыдигъэкIа щIэнгъуазэм лъабжьэ хуэхъуахэм кIэщIу тепсэлъыхьащ, абы щыщи ДАХ-м, щIыпIэ тхьэмадэх эм, адыгэхэр щыпсэу зэкъуэш республикэхэм я унафэщIхэм тыгъэ яхуищIащ.

ДАХ-м и Хасащхьэмрэ ГъэзэщIакIуэ гупымрэ я пащхьэ а махуэм апхуэдэу кърахьащ «Адыгэ (Шэрджэс) щIэнгъуазэ» тхылъышхуэри, профессор Къумахуэ Мухьэдин и редакцэм щIэту 2006 гъэм Москва къыщыдэкIар. Абы теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ ДАХ-м и япэ вице-президент **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

- КъызэрыдэкIрэ илъэсиплI хъуа мы лэжьыгъэшхуэр иджыри къыздэсым хэIэтыкIауэ утыку кърахьакъым, - жиIащ ХьэфIыцIэм. - Кавказ Ищхъэрэр къапщтэмэ, лъэпкъ щхьэхуэм теухуа щIэнгъуазэ тхылъу япэ дыдэ дунейм къытехьар мыращ. Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу советым хэтхэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ ди мурадщ абы «лъэт еувэ» мыгувэу ху этщIыну, щIэнгъуазэм хуэфащэ гулъытэрэ утык урэ едгъэгъуэтыну.

АдэкIэ Адыгэ щIэнгъуазэм и гугъу ищIыну ХьэфIыцIэ Мухьэмэд псалъэ иритащ а тхылъышхуэр дунейм къытехьэным зи гуащIэ мымащIэу х элъ, Гуманит ар къэх утэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий** .

- Адыгэм теухуауэ сыт хуэдэ упщIэ уиIэми, къапщтэрэ жэуап къыуитыжу щIэнгъуазэ тхылъ диIащэрэт жытIэу дызэрыщIэбэгрэ куэд щIат, - жиIащ щIэныгъэлIым. - Ауэ дахэ-дахэу яужь димыхьэфу, мылъкукIэ ди Iуэху хуэмыщIауэ зыкъомрэ екIуэкIащ. ЩIэнгъуазэр къыдигъэкIыну, абы пылъ жэуаплыныгъэ псори зи пщэ дэзылъхьэжыфар профессорхэу Къумахуэ Мухьэдинрэ Акъбащ Борисрэщ. Ахэр дэ нобэ къытхэтыжкъым, ауэ абыхэм я пщIэ дгъэкIуэдынкIэ, я гугъуехьыр псыхэкIуадэ тщIынкIэ Iэмал зимыIэщ. А тIур мыхъуамэ, ди хъуэпсапIэхэр я пIэм имыкIауэ, зи гугъу тщIы тхылъ гъуэзэджэр димыIэу иджыри екIуэкIынт. ФызэрыщыгъуазэщИ, щIэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщыту Къумахуэм и пщэ дэлъащ, абы мылъкуу текIуэдэнури къыдэгъэкIыным пыщIа нэгъуэщI Iуэхухэри зэгъэзэхуэныр пылъар Акъбащырщ. Иджыри ди щIэныгъэрылажьэхэм - республикищми щыIэхэм - апхуэдэ куэд тхузэфIэкIынущ, адыгэ тхыдэм и IуэхукIэ дызэлэжьыни дызытетхыхьыни гъунэжу диIэщ, а лIитIым къытхуащIам хуэдэ къытхуэзыщIэн къыкъуэкIмэ. Мы энциклопедием и мыхьэнэр сэ нэхърэ нэхъыфIу фэ фощIэ - абы ибгъуэтэнущ адыгэм теухуа сыт хуэдэ упщIэми и жэуап пыухыкIа. Апхуэдэущ щIэнгъуазэр зэрыщытын хуейр. Ар лIэужьыгъуэ зыбжанэу къыдэбгъэкI хъунущ, псалъэм папщIэ, пыухыкIауэ лъэпкъым и лIы цIэрыIуэхэм ятеухуауэ. Ауэ иджыпсту зи гугъу тщIы энциклопедиер дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми илъын хуейуэ къызолъытэ, утеIэбэрэ уигу бгъэфIу, уи щхьэр, уи лъэпкъыр лъагэу уигъэлъагъужу, щIэблэр щIэпIпIыкIыу.

Дэ дызыхэпсэукI иджырей XXI лIэщIыгъуэр сэ изогъэщхь псори зыIурызылъафэ благъуэ абрагъуэм. Дэри «дыжьэдэлъщ» абы и жьэм - дыхуэгъэнышкIумэ, дригъэхынурэ дыхэкIуэдэжынущ, дыхуэмыгъэнышкIумэ, дыкъыжьэ дэх ужынурэ, лъэпкъыу дыкъэнэжынущ. Ар зэрыхъунури дэращ зэлъытар: Iуэхум зэрыпхуэIэт и инагъщ, жаIэ. Адыгэ Iуэхур иджыпсту зи IэмыщIэ илъыр фэращ, сыфхоплъэри лIыгъэ зыхэмылърэ щIэныгъэ зыбгъэдэмылърэ къыф хэткъым. Сэ ху абжьу сыщогу фIыкI мыпхуэдэу фызэхыхьэу лъэпкъ Iуэху зефх уэу, фигу илъымрэ фхуэзэфIэкIынумрэ зэпэфIлъыту фызэрыпсалъэм. Ауэ сыхуейт гу лъывэзгъэтэну лъэпкъ щIэныгъэм и Iуэхур Iэпэдэгъэлэл фщIы зэрымыхъунум. Ди институтым къалэн къыдэзытын, къарурэ гукъыдэжрэ къытхэзылъхьэн иджыпсту тлъагъуркъым. ЩIэдмылъагъум щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ, ахэр мыпхуэдэ утыкушхуэ къисхьэнкъым, ауэ, псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIы щIэнгъуазэ тхылъыр къызэрыдэкIрэ илъэсиплI мэхъури, иджыпсту къищынэмыщIа утыку итхьэну тхузэфIэкIакъым. Абы къыхэкIыу фIыщIэ ин фхуэфащэщ нобэ абы Iуэху зэрефщIэкIам папщIэ. Апхуэдэу фIыщIэшхуэ хузощI Акъбащ Борис и щхьэгъусэ ФатIимэ, къефхьэжьа Iуэхур щызэхихым, и щIалэхэр [illegible]

[illegible]

щу зэрыгъэпсам теухуауэ. Тхьэм щхьэкIэ емыкIу сыкъэвмыщI, ауэ а щIэнгъуазэм сэ сызэлъэжьа Iыхьэ хэтщ лъэпкъ хабзэмрэ адыгагъэмрэ [illegible] УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я жэрдэмкIэ, этикэм [illegible] тхылъ къыдагъэкIынути, хабзэхэм теухуауэ абы итын хуейр си пщэ къыдалъхьати, тхьэмахуэ и ужь ситахэкъым, компьютерым сыкIэрытысхьэщ, адыгэ псэлъафэхэм тIэкIу «сетхъунщIауэри» яхуезгъэхьащ икIи яфIэтелъыджэу ар зи лъабжьэ пособиер къыдагъэкI. Ауэ ар зи фIыщIэр сэракъым, атIэ лIэщIыгъуэхэм пхрыкIыу апхуэдэ щэнхабзэ къуэпс лъэщ зыукъуэдия ди лъэпкъращ. Апх уэдизкIэ дах эу, лъэщу, сыт хуэдэ щытыкIэми езэгъыу адыгэ хабзэр гъэпсащи, куэд хуейкъым, цIыхум и пащхьэ илъхьи, яфIэдахэу, екIуу къалъытэу къащтэнурэ къагъэсэбэпынущ. Тхьэм ещIэ ди лъэпкъым и натIэ адэкIэ кърихар зыхуэдэр, ауэ дыкIуэдыжыну иухами, ди лъэпкъым къигъэщIа лъапIэныгъэхэр цIыхум къахуэнэжынущ. Ар щIэх къэ хъуну Тхьэм жимыIэкIэ, ауэ къытщыщIынкIэ зэрыхъунур зы дакъикъэкIэ нэхъ мыхъуми ди нэгу къыщIэдвгъэгъэхьи, дяпэ итахэм я щIэиныр, адыгэ щэнхабзэм къигъэщIауэ нобэ ди Iэр къызыпекIуэкIыр зэхуэдвгъэхьэсыжи, лъэпкъым и пащхьэ идвгъэлъхьэж. Иджыпсту ди щхьэ и пIалъэ дымыщIэжу, ди зэманымрэ ди къарумрэ дыздынишэсынур дымылъагъуу дыпсалъэ щхьэкIэ, дэ нобэ дымыщIар пщэдей къыдэкIуэтейхэм ягъуэтыжынукъым.

АдэкIэ къэпсэлъапIэр хуит хуащIащ КъШР-м и ТхакIуэх эм я союзым и унафэщI, профессор **Бэчыжь Лейлэ**

- Нобэ дызытепсэлъыхь щIэнгъуазэм ди лъэпкъымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр дэтхэнэ зым и дежкIи гурыIуэгъуэщ, - жиIащ Лейла. - Ауэ ди щIыгури, Iэщэ-фащэри, къафэхэри, нэгъуэщI щэнхабзэ лъапIэныгъэхэри ттраха нэужьи, дыщымыIэжыххэ щыхъукIи, адыгэр а энциклопедием къызэрыхэщымкIэ апхуэдэ лъэпкъ лъэрыхьыр адрейхэм ящигъэгъупщэнукъым. Аращ абы и купщIэ нэхъыщхьэр. Адыгэ щIэнгъуазэм и Iуэхур ахъшэкIэкъым къызэрыригъэжьар Акъбащ Борис. Ар къыдагъэкIыну унафэ къыщащтауэ щыта адыгэ зэхуэсышхуэм сыхэтащ икIи фIы дыдэу сощIэж абы къежьапIэ хуэхъуар. А зэманым Акъбащ Борист ДАХ-м и Тхьэмадэри, абы къыхилъхьат адыгэр [illegible] энциклопедие къыдагъэкIыну. Абы литературэм и тхыдэри [illegible] адыгэ алыфбейм и Iуэхури къыхэтIэлъхьат, [illegible] Адыгэ щIэнгъуазэм и [illegible] рылъагъу хъуар Адыгэ щIэнгъуазэм и закъуэщ. Адыгэ унагъуэхэм щIэлъ тхылъ лъапIэ къудейуэ къэмынэу, энциклопедиер инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ зэдзэкIын хуейщ. Мис итIанэщ адыгэхэми мыадыгэхэми абы и купщIэу иIэр, гуащIэу бгъэдэлъыр зыхуэдизыр къащыгурыIуэнур. ЕтIуанэу къыхызолъхьэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий зи гугъу ищIа УФ-м и Къэрал саугъэтыр Адыгэ щIэнгъуазэм кратынымкIэ, ар къыдэзыгъэкIахэр, абы зи гугъуехь хэлъхэр гъэлъэпIэнымкIэ зэфIэхыпхъэ псори гъэзэщIэным и унафэ мыбдеж къыщыфщтэну.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Акъбащ ФатIимэ. Ар Хасащхьэм хэтхэм ехъуэхъуащ щIызэхыхьа Iуэ х ухэр къадэхъ уну, унафэу къащтахэр лъэпкъым хуэмахуэну икIи ДАХ-м тыгъэ х уищIащ «Адыгэ (Шэрджэс) щIэнгъуазэм» щыщу тхылъ 60, фIыщIэ псалъэ яхужиIащ щIэнгъуазэр къыдэгъэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми. Акъбащ ФатIимэ къыхигъэщащ тхылъыр къыдэгъэкIыныр къайхъулIами, ар зыхуэгъэза лъэпкъым, цIыхубэм ялъэгъэIэсынымкIэ гугъуехь зэрыхэтыр, а Iуэхур зэфIэхынымкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыщыгугъыр. Апхуэдэу Акъбащым жиIащ ДАХ-м и «Адыгэ дуней» журналыр къыдэкIыу зэтеублэжынымкIэ я унагъуэм хузэфIэкI а Iуэхум хилъхьэну зэрыхьэзырыр.

Хасащхьэм хэтхэр куэдрэ арэзы зэ дэмыхъу у, нэхъ къиину икIи кIыхьлIыхьу зытепсэлъыхьар дяпэ илъэсищкIэ ДА Х-р зэлэжьыну Iуэ хугъу эхэр къызэщIэзыубыдэ программэрат . Псоми я Iуэ ху еплъыкIэхэм едэIуа, къыхалъхьахэр зэпалъыта нэужь, ахэр зи лъабжьэ проект къащтэу гъэзэщIакIуэ гупыр иджыри зэ елэжьыжыну зэгурыIуахэщ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI Жамборэ Владимир.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым

ДАХ-м и вице-президент Хеймащэ Орхьанрэ «К АФФЕД» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Гугъэв Джихьанрэ *(Тырку Республикэ).*

Къущхьэ Догъан, Лъыщэр Нэхьид *(Тырку Республикэ)*, Гуэбэщыкl Владимир *(КъБР).*

Сэхъутэ Аскэр *(Краснодар къалэ).*

Аслъэн Алий *(КъШР).*

КIэрмыт Мухьдин *(Адыгэ Республикэ).*

Шыкъ Борэн *(КъБР).*

Анкара Хасэм и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшаррэ *(ижьымкIэ)* абы и къуэдзэ Токъу Тунджайрэ *(Тырку Республикэ).*

Думэн Хьэсэн *(КъБР).*



ХьэфIыцIэ Мухьэмэд *(КъБР).*

Адыгей Хасэм и тхьэмадэ Хьэпай Арамбий *(Мейкъуапэ къалэ).*

Борэ Аслъэн *(КъБР).*

Шыкъ (Думэн) Чечек *(США, Калифорние).*

Дзэмыхь Къасболэт *(КъБР).*

Европей Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэу Къардэн Хъуснийрэ ТIамжьыкъуэ Умаррэ *(Германие).*

Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд *(КъШР)*, «Хэку» ассоциацэм и унафэщI НэкIацэ Владимир *(КъБР)*, Абхъаз Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Бещто Аслъэн *(Сыхъум къалэ).*

Токъу Iумит *(Истамбыл къалэ)*, Ныбэжь Таисэ *(КъБР)*, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид *(Псэуапсэ къуажэ).*

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Щхьэгъэпсо Сэфарбий

Машенкинэ Ольгэ

Пэрытхэм гулъытэ хэха хуащI

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЕгъэджакIуэм ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ яритым и закъуэкъым, атIэ къыдэкIуэтей щIэблэм я гупсысэкIэр зэтэзыублэ, я дуней тетыкIэр зэфIэзыгъэувэ цIыхущ ар. Республикэм егъэджакIуэ мин 23-рэ щолажьэри, абыхэм яхэтщ урысей, республикэ дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэр. КъищынэмыщIауэ, дрогушхуэ егъэджакIуэ династиехэр (ахэр 225-рэ мэхъу) дыгъэрийм. Къэбгъэлъагъуэмэ, Дзэлыкъуэ куейм щыщ Дзасэкъэхэ я унагъуэм щыщ цIыхуи 10 а IэнатIэм пэрытщ, Аруан районым щыщ ГъуэгунокIуэхэ я цIыхуи 8-м аращ IэщIагъэ яхуэхъуар, Налшык къалэ дэс Хэжкъэ я унагъуэм щыщу цIыхуи 7-р школым щыздолажьэ.

Егъэджакуэм и ильэсым ипкъ иткIэ зэхалъхьа программэ зытеухуар а IэщIагъэм ирилажьахэм я Iулыджыр къэIэтынырщ, жылагъуэм пщIэ щызиIэ IэщIагъэлIу ахэр зэрыщытыр цыхухэм ягу къэгъэкIыжынырщ, IэнатIэр зэрыщыту егъэфIэкIуэнырщ. Сыныбоэхъуэхъу мы ильэсым творческэ къару мыкIуэщI, ехъулIэныгъэ къыфхудэкIуэну!

"2009 гъэм и Егъэджак1уэ" республикэ зэпеуэм щытекIуа, «Урысейм и егъэ джакIуэ нэхъыфI-2009» урысейпсо зэпеуэм хэта, Егъэджакl уэ м и ильэсыр Санкт-Петербург къыщызэIуахам щыIа Машенкинэ Ольгэ псалъэ щратым къыхигъэщащ къэралым къыбгъэдэкI апхуэдэ гулъытэм егъэджакIуэ псоми я щхьэр лъагэу зэрыригъэлъагъужыр.

- ЗэхъуэкIыныгъэ куэд къыдэкIуэнущ мы ильэсым схужыIэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, егъэджакIуэр сыт хуэдэ щIыпIэм щылэжьэми, абы тым деж ипсэ хьэзлу и лэжьыгъэм пэрытщ, и пщIэ къыщIэхъуэ сыт хуэдэ IуэхукIи, и кIэм нэсу зэфIегъэкI, - жиIащ Машенкинэм. - Ауэ егъэджакIэр ефIэкIуэнымкIэ, зи IэнатIэм псэ хьэлъу пэрытхэм гулъытэ лъагъэсыныкIэ, иджырей щытыкIэр ефIэкIуэнымкIэ, егъэджакIуэри ар щылажьэ Iуэхущапlэри зэманым декIуу бэкъуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэну къысщохъу.

ЗэрыгъэлъэIзапхуэм, дыщыпсэу лъэхъэнэм егъэджакIуэм и къалэнхэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ, ильэс 30 - 50-кIэ узэIэбэкIыжмэ зэрыщытам елъытауэ. ЩIэныгъэ къызыпкърыкIыр егъэджакIуэ закъуэрауэ щытамэ, иджы зэманым зихъуэжащ. Абы емылъытауэ ар къэнэжын хуейщ езым хуэхэ лъагапIэм тету, абы жылагъуэ гъащIэм роль нэхъыщхьэ щигъэзэщIэнкIэ Iэмал зимыIэщ.

Машенкинэ Ольгэ къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ Санкт-Петербург щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм щильэгъуахэм, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий абы щыжиIахэм.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** псалъэ щратым, убгъуауэ тепсэлъыхьащ 2008 - 2009 гъэхэм къыхалъхьа проект зэхэльыр республикэ егъэджэныгъэ узухькIэм къызэщIагъэсэбэпамрэ абы кърикIуахэмрэ. Министрым игъэбелджылащ а проект зэхэлъым фIы куэд къызэрыдэкIуар: щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущапIэхэр зыхуейхэмкIэ нэхъ къызэрызэрагъэпэщар, егъэджакIуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуар, нэгъуэщIхэри. Щхьэгъэпсор щхьэхуэ-щхьэхуэу тепсэлъыхьащ республикэм и къалэхэм, районхэм щыIэ школхэм а ильэситIым къриубыдэу зыгъэгъэзэкIа ехъулIэныгъэхэм.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ икIи гукъинэж ящIащ КъБР-м и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэм, артист нэхъыфIхэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●Прохладнэ куей

ЦIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьын папщIэ

Альтуд къуажэм щыIэ «Нарт», Екатериноградскэ жылагъуэм дэт «Вымпел» топ джэгупIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ. А лэжьыгъэхэр хагъэхьащ «2009 - 2015 гъэхэм къриубыдэу КъБР-м футболым зыщегъэужьын» республикэ программэм.

МЫ IУЭХУМ теухуауэ Прохладнэ куей администрацэм и IэщIагъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, топ джэгупIэ губгъуэхэм сэкъатыншэу яIэу пхужыIэнукъым: удзыпцIэ дахэщ, джэгущ. Абы къыхэкIыу, утыкум емылъсу, и хъуреягъыр гъущI хьар еклуэкIмкIэ къахуэхьынур нэхъ игъуэу къалъытащ. Проект тхылъхэр зэрызэфIыхьэу, лэжьыгъэхэм щIадзэнущ. Футбол джэгупIэхэр зэгъэпэщ щIыным псори зэхэту текIуэдэну сом зы мелуаныр республикэ бюджетым къыхэкIынущ.

Прохладнэ къалэр ильэс кIуам хагъэхьащ «ФутболымкIэ лъэпкъ академие» фондым и программэм тету лъэжьэну IуэхущIапIэхэм. Абы ипкъ иткIэ, къалэм къыщрагъэжьащ алэрыбгъу IэрыщI зэрылъыну футбол джэгупIэ губгъуэ ухуэныр. Мыбы текIуэдэну мылъкур фондым къиутIыпщынущ.

Куей бюджетым и мылъкукIэ мы щIыпIэм щаухуэнущ цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэну физкультурнэ IуэхущIапIэ зэхэлъ, псы есыпIэ ин хэту. Ухуэныгъэм и япэ Iыхьэм текIуэдэну ахъшэ хухахащ. Иджыпсту лэжьыгъэр дзыхь зыхуащIыну ухуакIуэ бригадэ нэхъыфIхэр къалъыхъуэ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр гъатхэпэм фIэмыкIыу щIадзэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыщ1 гъуазджэр зыгъэбжьыфIэ

Щыху куэд дыдэ кърихьэлIауэ КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэIуах гъэлъэгъуэныгъэм сыщIохьэ. СурэтыщI Жылэ Толъ и лэжьыгъэхэр зэхуэхьэсауэ нэхъапэкIэ слъэгъуакъым, си нэгум къыщIэувар сфIэтелъыджэщ. «Адыгэ Атлантидэ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьа сурэтхэмрэ скульптурэхэмрэ, пэж дыдэуи, абы пэджэж гуэр къапкърокI, псэм дыхьэ, нэр зыгъэгуфIэ лэжьыгъэхэр мымащIэу яхыболъагъуэ.

ЖЫЛЭМ теухуауэ Лыкъуэжь Нелли и тхыгъэу иджыблагъэ ди газетым тетам хэта «ильэс 20-м нэсауэ дэ тIур дызэныбжьэгъущ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псэкIэ дызэблагъэщ» псалъэхэр зэрыпхьэм и щыхьэтщ сурэтхэм я лъабжьэм Нелли и усэхэм щыщ сатырхэр зэрыкIэщIатхар. Сурэтымрэ усэмрэ зэрызэпэджэжым и щапхъэ зы-тIу къэтхьынщ. «Мазэгъуэ жэщ» сурэтым щIыгъущ мы сатырхэр:

Мазэм Iэхъуэр йокIуэдэж,
Плъырын нухауэ.
Вагъуэ зыныр зэщIекъуэж,
ЩIэжьей къащIэхъуауэ.

«Хуэрэджэр мэгъагъэ» зыфIищам кIэщIэтхащ:

Къыпэджэжу си Iущащэ макъым,
Узых къытошхэ си унэ уэнжакъым.
Си щхьэубжьэм къыIутщи
жыг закъуэ,
Пытщ гъуэжькъыбзэу хуэрэджэ
закъуэтIакъуэ.

- Нобэрей гъэлъэгъуэныгъэм ди дунейр нэхъ нэху, къулей, из ищу си щхьэкIэ къысщохъу, - жиIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м и СурэтыщIхэм я союзым и унафэщIым и къуэдзэ **БгъэжьнокIуэ ЗаурбэчI**. - Жылэ Толъ и лэжьыгъэхэм хэлъ гупсысэр, ар дамыгъэ къызэрымыкIуэхэмкIэ къызэригъэлъагъуэр си деж кIэ лъапIэщ, спэгъунэгъущ, сыдэзыхьэхщ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихын папщIэ, япэ псалъэр зрата Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр **Фыры Руслан** гуапэу ехъуэхъуащ Жылэ Толъэ абы и Iуэхур дэзыIыгъыну къэкIуахэмрэ.

- Сэ фIыуэ сощIэж ильэс куэд и пэкIэ Жылэ Толэрэ Црым Русланрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщауэ щыта гъэлъэгъуэныгъэр, - игу къигъэкIыжащ Фырэм. - Я IэдакъэщIэкIхэм нэгъуэщI щыпIэ хэм яжь къазэрыщIихур къызыгурыIуа тхьэмадэ Нало Заур абдежым щыжиIат мыпхуэдэу: «Фи гупсысэхэмкIэ, фи лэжьыгъэхэмкIэ Париж фынэсыну си гуапэщ, ауэ итIанэ ди щIыналъэм къэвгъэзэжыну Тхьэм жиIэ». ШэчI хэмылъу, Заур зи гугъу ищIар и творчествэр «Лыпlэ» щиувэну зэманырти, нобэрей гъэлъэгъуэныгъэр щыхьэт тохъуэ а пIалъэр къызэрысам.

Министрым къыхигъэщащ живописым, графикэ я лъэныкъуэкIэ зэчий зыбгъэдэлъ сурэтыщIхэмкIэ ди республикэр зэрыкъулейм зэрырыгушхуэр. А гупсысэхэр Фырэм диIыгъыу, Жылэ Толъ зэрыщыщ, гулъытэшхуэ къызыхуэлэжь Iуэхур лэжьакIуэхэм я гугъу ищIу, адэкIэ зэIущIэм къыщыпсалъащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **КIыщ Мухьэдин**.

КъыкIэлъыкIуэу къэпсэлъапIэр хунт хуащIащ искусствовед **Аппаевэ Жаухар**. Абы жиIащ Жылэ Толъ тыншу къэпщIыху хъэтI зиIэ сурэтыщIу зэрыщытыр, зэчий абгъэдэлъыр къызэрыщIэщу жыIэуэ, зэрылэжьакIуэшхуэр. Зыхуигъэув къалэнхэр, гупсысэ къигъэщIхэр зэрыиныр хьэкъ пщохъу, лъэжьыгъэр щикъуд, «къыщикъуэлъыкI» Толъ и лъэщапIэм ущIыхьа нэужь.

- Сэ зэгуэр уи жагъуэ сыщIауэ щытащ, Толэ, дыгъэр зэрыпхурымыкъур бжесIэри, - къыщIидзащ и псалъэм композитор, усакIуэ **ХьэIупэ ДжэбрэIил**. - Абы сэ сыщыгъуэщIэ ухъуар, уэскуу щIыбжесIэфар уи гуащIэми уэри пщIэ зэрыфхуэсщIыр аращ. ИджыпсIу слъагъу псоми сахоплъэри, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым, зыгуэр щIыкъулъхъуни къэслъытэркъым. Сэ сыщогуфIыкI узэрылажьэм, узэрыщыIэм, дапэкIэ уефIэкIуэну си гуапэщ. Сыпхуэарэзыщ си адэшхуэ Пащlэ Бэчмырзэ и тхылъхэр дагъэдзэтIу, дызэрэхьэкIуар къэзыгъэдагъэ тхьэр, и дунейр тетхьэм ещхьу тIэкIу нэщхъейфэу къызэрыбгъэлъэгъуам папщIэ. Насып, гуфIэгъуэ, гъащIэ, узыншагъэ уиIэу сэ пщIэ урилэжьэну, си гуапэщ.

ЗэIущIэм и кIэухым Жылэ Толъ къыщыпсалъэм, зи Iуэху зэзыгъэтIылъэкIыу гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлахэм фIыщIэ яхуищIащ.

ИСТЕПАН Залинэ.

●Аруан куей

ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

Зауэм хэтауэ цIыху 1160-рэ исщ Аруан куейм. Мы зэманым район, къуажэ администрацэхэр иужь итщ ТекIуэныгъэ Иныр къэзыхьахэр Накъыгъэм и 9 махуэщхуэм сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу ирихьэлIэным.

ЗАУЭМ хэтахэм, абы зи щхьэгъусэ хэкIуэда фызабэхэм, а лъэхъэнэм лэжьыгъэ тхьэмыщкIэ и гуащIэ зыхьахэм, ... нагъуэ кIаухэм, я Iуэху зытетыр нагъэ къэзыщI дэфтэрхэри ягъэхьэзырэщ. Абы Iупщlу къыщыгъэлъэгъуащ ветеранхэм я псэукIэр зыхуэдэр, я узыншагъэм и щытыкIэр, ахэр зыхэс унагъуэхэм яIэ хэхъуэр зыхуэдизыр. Аруан куей сымаджэщым и куэдамэ псоми ветеранхэм хухахащ гъуэгъэфIэгъуэщ дамыгъэкIэ ягъэбелджылащ. Апхуэдэу комиссэм хэтхэр щыгъуазэщ фронтым Iутахэм ягъэзэщIа къалэнхэм, ягъуэта ныкъуэдыкъуагъэм, уIэгъэхэм. Аруан куей сымаджэщым и кIуэдамэ псоми ветеранхэм хухахащ гъуэлъыпIэ 32-рэ икIи цIыху 40-м нэсым медицинэ IэхуэтхьэбзэхуащIакIуэщ.

Зауэм хэтахэр гульытэншэу къигъэнакъым цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныкъIэ куей центрим. Гуапэщ мы Iуэхум хьэрычэтыщIэхэри къызэрыхыхьэр. КъыхэгъэщыпхъэщI дэIэпыкъуныгъэ етыныкIэ къызэрыпIэмыкIэр. «Зауэм хэкIуэда сэлэтхэм и щхьэгъусэхэр» зыфIаща тхылъым къыщыгъэлъэгъуэжащ а лъэхъэнэм гугъуехь куэд дыдэ зи фэ дэхуа цIыхубзхэм яIа зэфIэкIымрэ яхэлъа шыIэныгъэмрэ.

ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIын хуейхэр зэгъэхуэлIэным хэтынущ куей, къуажэ администрацэхэм я мызакъуэу, цIыхубэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым гъатхэпэ мазэм мы спектаклхэр щагъэлъэгъуэнущ:

Гъатхэпэм и 10-м:
Гольдони Карло.
«Трактиргуащэ»
(гушыIэ).
Гъатхэпэм и 17-м:
Абу-Бакар Ахьмэдхьан.
«Алмэстыхэр»
(гушыIэ).
Гъатхэпэм и 24-м:
Куни Рей.
«Цыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыщыхур...»
(гушыIэ).
Гъатхэпэм и 31-м:
Николаи Альдо.
«ГульытэншэхIуахэр»
(трагикомедие).

Театрым и художественнэ унафэщIыр
Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист
Шыбзыхъуэ Басирщ.

СпектаклIхэм
щыщIидзэр сыхьэт
18-рэ дакъикъэ 30-рщ.
УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыщыгъэIэ
хъунущ: **42-64-94, 42-33-89**

Цыхур насыпыфIэу псэунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ и узыншагъэр зыхуэдэм. Дэ къытщохъу ди ныбжьыр кIуэтэхукIэ, узыфэ нэхъыбэ къежьэу, абыхэм ящыщ куэди тхузэлъу. Ауэ зыщыдогъэгупщэ ди узыншагъэр зыхуэдэнур дэ езым куэдкIэ зэрыдэлъытар. Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ тщхьэ ерыскъым. Ар сэбэп е зэран яхуохъу ди IэпкълъэпкъыIм щыщ кудаим. Ерыскъыр узыншэми и абы щIыхуэфащэ зэхэщIыкIым къыпыкIми цIыхум къыхуихъэныр тегъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ Республикэ кардиологие центрым и дохутыр Тау Евгение.

●Дохутырым и чэнджэщхэр

Фызыхуэсакъыж

- Евгение, гум и узыфэхэр нэхъыбэу къыщыхэпщ цIыхум и ныбжьыр илъэс 40 - 50-хэм нэса нэужькIэ. Ар елъытауэ пIэрэ ерыскъым?

- Гум, лъынтхуэм епха узыфэхэр къоуэлIэныр ныбжь хэхам епхауэ щыткъым, ахэр къэузыфыныщ сабийми балигъми. Ауэ, пэжу, нэхъыбэрэ абыхэм хэгъэзыхьыр курыт ныбжь зиIэхэмрэ нэхъыжьыIуэхэмрэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ущышIэм деж къыщыщIэдзауэ уи узыншагъэм укIэлъыплъын хуейщ сыт и лъэныкъуэкIи. Абы хэхьэ къомызгъэ ерыскъыхэкIхэр умышхыныр, физкультурэ щIыныри, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэ зыми ильэсым зэ нэхъ мыхъуми дохутыр зригъэплъын хуейщ. Апхуэдэу пщIымэ, узыфэ гуэр къоуэлIамэ, ар хэмытIасэ щыкIэ пхуэгъэхъужынущ. Ныбжьым елъытауэ шхыныр къыхэхын хуейщ. Псалъэм папщIэ, зи щIалэгъуэ IэпкълъэпкъыIм хуиту хуэгъэткIу ерыскъыр ныбжь зиIэм къехьэлъэхьынкIэ хъунущ.

- Инфаркт, инсульт жыхуаIэ узыфэхэм нужьрей лъэ хъэнэм щыху куэд йолIыкI. Ар къызыхэкIыр лъыр IувыIуэ зэрыхъур ара? Дауэ зыщытхъумэну лъыр Iув зыщI холестериным?

- Псом япэрауэ, поликиникэм кIуауэ лъы и холестеринкIэр къегъэхуэтэн хуейщ. Абы хэлъ холест еринэр лъагэу щытмэ, дохутырым хущхъуэ пхуитхынущ, шхыныкIэ узэрызыхуэсакъыжын хуей щIыкIэри къыбжиIэнущ. А чэнджэщхэр сэбэп хъунущ, пщэрагъэй, лышхуэ уи IэпкълъэпкъыIм темылъэмэ. Армырамэ, нэхъ уэд зышхын хуейщ Iэмал имыIэу, ар сыт хуэдэу къомыхьэлъэкIми. Ерыскъыхэм ящыщу дагъэ зыщIэлъхэр гъэмэщIапхъэщ. Апхуэдэу гу лъыфтэ фщхы гъэшхэкIхэми. Ахэри ш щIэхуам къыхэщIыкIауэ щытын хуейщ. Нэхъыбэм я гъэщ пщэдджыжьым шей, щIакхъуэ тхъущыну тещIэлъауэ, джэдыкIэ гъэжа ешхыж, шхыныкIэ ззэ, псыр зыщымыIэу, я узыншагъэм зэран яхуэмыхъужу. Апхуэдэхэр щоуэ. А къэзбжэкIа ерыскъыхэм сэбэпынагъэ зыпыл ын хуэхьшэхыц. Абыхэм нэхърэ нэхъ1ыфIщ зэнтхьым (овсянкэ) къыхэщIыкIа кашэр е хьэнтхупсыр уи пщэдджыжьышхэмъэ. «ДжэдыкIэри зэран?» - фыщIэупщIэнкIэ хъунущ. Зи холестеринэр лъагэ тхьэмахуэм хуэзэу джэдыкIэ зы-тIу фIэкIа иш хъунукъым. Шейм и гугъу пщIымэ, абы фощыгъу хэбдзэ нэхъ фIыщ, IэфIыкIэ гуэр удефэмэ, нэхъыфIщ.

- Фощыгъум лъынтхуэхэр игъэбыдэу жаIэри-тIэ?..

- Лъынтхуэхэр гъэбыдэным куэдкIэ нэхъ сэбэп хуохъу пхэщхъэмышхэхэр, мэракIуэр, мэракIуапцIэр. Фощыгъум и пIэкIэ абыхэм къахэщIыкIа вареньэхэр шейм хэпхъэмэ, куэдкIэ нэхъ сэбэпщ икIи нэхъ гурыхьщ.

ПхъэщхъэмыщхъэхэмкIэ псоми уатепсэлъыхьмэ, абыхэм ящыщ куэд гъэгъуэу пщхыныр нэхъ сэбэпщ. Апхуэдэщ хуэрэджэр, къыпцIэр, нэгъуэщIхэри. Иджыпсту ди тыкуэнхэм куэду щащэ грейпфрут. Ар хуабжьу сэбэпщ хьэлъагъэ лей зиIэ цIыхухэм я джэкIэ. Холестеринэр нэ хъ мащIэ имыщIми, IэпкълъэпкъыIр нэ хъ уэд ещI, абыкIи лъынтхуэхэм сэбэп яхуохъу, лъыр зы мардэм иригъэув, дзэй-къеух хэмыту, гури тэмэму егъэлажьэ.

- ФадэхэкIхэм гум иращIэм тхутепсэлъыхьыт. Абыхэм я мащIэр сэбэпу, я куэдыр зэрану аракъэ?

- Егъэлеяуэ щымытмэ, фадэр лъынтхуэхэм я дежкIэ сэбэпщ, псом хуэмыдэу шагъыр пIыжьыр. Нэхъ фадэ гуащIэхэу градус лъагэ зыIыгъхэм ящыщу хущхъуэ папщIэу къэбгъэсэбэп хъунур грамм 30 - 40 хуэдизщ.

- Куэдым яфIэфIкъым бдзэжьей яшхыну, ауэ лъыр зи стIолым телъыкIыр мащIэкъым. Гумрэ лъынтхуэхэмкIэ абыхэм къыхуах сэбэпынагъым е зэранагъэм щыгъуазэ дахуэпщIамэ, арат, Евгение.

- Бдзэжьейр нэхъ ерыскъыфIхэм хабжэ. Абы хэлъщ IэпкълъэпкъыIр зыхуей белокым хуэдиз. Ар щIэ-щIэхыурэ шхыным атеросклероз узыфэр къеуэлIэркъым. И щытыкIэ елъытауэ тенджызхэм къыщаубыда бдзэжьейр нэхъ сэбэпщ, псыхэм къыхахам нэхърэ.

Лым теухуауэ жысIэнур зыщ. Лы гъэва мыпшэрыр сэбэпми, пщэрэ гъуру гъэжьауэ е кIэртоф зыщIэлъу гъэхьэзырар зэраншхуэщ гум, лъынтхуэхэм я дежкIэ. Лыр Iув зэращIым нэмыщI, абыхэм лъатэри гугъу ирагъэхь, зэрышхын хьэлъэм къыхэкIыу. Лыр цIыхум ишхын хуейщ тхьэмахуэм хуэзэу махуищ-плIым. Ари граммы 100 - 150-рэ мынэхъыбэу икIи пшэр кIэрымылъу. Абы гъуцэ хущщэпхъэщ салат зэмылIэужьыгъуэхэр.

Зи гугъу тщIа чэнджэщхэм физкультурэ щIыныгъэхэр жьы къабзэм нэхъыбэрэ фызэрыхэтын хуейри фыщымыгъупщэмэ, фигуэри фи лъынтхуэхэри узыншэу щытынущ. Сыт щIыгъуи фызыхуэсакъыжын хуейщ.

- Упсэу, уи чэнджэщхэр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм сэбэп къазэрыхуэхъунум шэч хэлъкъым.

Епсэлъар
БЭЛЭТОКЪ УЭ Светэщ.

Малкъэ шы заводым мы гъэм етIуанэу щекIуэкIащ шыщIэхэм я зэфIэкIыр щагъэнахуэ шыгъажэ кIыхь (км 40, 60).

● Спорт

НэхъыфIхэр къыхах

АБЫ ХЭТАЩ адыгэ, хьэрып, хьэрып-адыгэ шы лъэпкъыу 21-рэ. Мыхуэдэ зэпеуэхэр УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэм и махуэгъэпсым хагъэхьащ. Ахэр иратхьэлIуэкI къэралым и чемпионатхэм, кубокыр къэхьыныхкIэ зэпеуэхэм ягъэкIуэну щыгъажэ шыхэм ящыщ щыхэлъ шыфIхэр къыхахын мурадкIэ.

Зи гугъу тщIы зэхьэзэхуэхэм къыщыгъэсэбэпащ КъБКъУ-м къыщагупсыса «Рейд-2» хронометражэ электрон Iэмэпсымэр. Дэтхэнэ шыуейми иратащ лъэхъэнэхэр къызэрызэринэкIар щIыпIэ зыIыгъыр щыгъуазэу къыхуэсыну мальхэдис карточкэ.

Уэсыр зэрыткIужам къыхэкIыу гъуэгуанэр ятIэу щытами, зэпеуэм хагъэкIа зы шы закъуэм къыщынэмыщIа, псоми къапэщIылъар тэмэму къызэранекIащ. Иужьым ахэр къэзышыта IэщIагъэлIхэм шыхэм я щытыкIэр мыIейуэ къалъытащ.

СОКЪУР Астемыр.

ШколакIуэ къарууфIэхэр

«Зыуэ щыт Урысей» партым Налшык щиIэ къудамэр я щIэгъэкъуэну егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментымрэ Сабий-ныбжьыщIэ творчествэмкIэ центрымрэ арищетлиныгъэмкIэ зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ къалэ школхэм я еджакIуэ 50-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэIуахым абы хэтахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм спортымрэ туризмэмкIэ и министр Къэнэмэт Марьяннэ, Сабий-ныбжьыщIэ творчествэмкIэ центрым и унафэщI Бищу Светланэрэ.

Зэхьэзэхуэр удзыхьэхыу икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. КIэух зэпеуэм хьыдэхэм щIыкIэуэм ящыщу щытекIуар Мусаевэ Мархьэр Дышэкъ Залинэрэщ. ЩIалэ цIыкIухэм къахэжаныкIащ Чыгбыр Исльамрэ Леванов Константинрэ.

Командэ зэпеуэм курыт еджапIэ №18-м и гупым япэ увыпIэр къихьащ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зэдагуэщащ 23-нэ, 3-нэ школхэм.

КЪАМБИЙ Исльам.

Хъыбар гуэр фщIэмэ

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Тэрч районым щыIэ ОВД-м къе лъыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда, Тэрч къалэм щыпсэу Маришевэ Любовь Георгий и пхъур, 1954 гъэм накъыгъэм и 27-м къалъхуар. Ар 2010 гъэм мазаем и 15-м унэм щIэкIащ икIи нобэр къыздэсым здэщыIэр ящIэркъым.

И теплъэр: ильэс 50 - 55-рэ ептынщ, см 170 - 175-рэ и лъагагъщ, и щхьэцыр кIэщIщ, сыхуэщ, баринэщ, и набдзэхэр сырыхущ, и пэр захуэщ, Iупэ пIащIэщ, нэгъуджэ зэрехьэ.

Щыгъар: куртка-бэлъто щхъуафэ-къуэщыныфэ, кIэ фIыцIэ, лакированнэ вакъэ фIыцIэ лъащхьэ кIыхь.

Маришевэ Любовь Георгий и пхъур здэщыIэм фыщыгъуазэмэ, дыныволъыу фыкъэпсэлъэну мы **телефонхэмкIэ: (886632) 4-10-02, 4-18-59, 4-16-96, е 02.**

КъБР-м и Хабзэхъумэ IэнатIэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ
РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаcэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэжIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэтхэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ жэуап зыхьхэр нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тедзапIэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ поштэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ныбжьэ Таисэ, корректорхэу Щоджэн Инна (1,4-нэ нап.), Цей Занрэ (2,3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Занрэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, *сурэтыщIыр* Бищу Жаннэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №584